ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№51 (24.177) ● 2021 гъэм накъыгъэм (майм) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Финанс Iуэхутхьэбзэхэмрэ цIыхухэм я финанс зэхэщIыкIыр къэIэтынымрэ топсэлъыхь

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ яхуэзащ «НСПК» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Комлев Владимир, Урысейм и Банкым и Ипщэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Эберенец Евгений, КЪБР-м и Лъэпкъ Банк Iуэхущапlэм и Iэтащхьэ КIэрэф Мурат, «НСПК» акционер зэгухьэныгъэм зыужьыныгъэмкIэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ сервисхэмрэ технологие сервисхэмкIэ и унафэщI Точиловэ Марие сымэ.

ПСАЛЪЭМАКЪЫР теухуауэ щытащ финанс Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ къэгъэсэбэныгъэуафIэ щыным, цIыхухэм я финанс зэхэщIыкIыр кIэлэтыным, ахъшэр зэрызэблагъэкI иджырей Iэмалхэм зегъэубгъуным.

ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и апэ къуэдзэ **Куныжь МуIэед**, КЪБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкIэ и министр **АщхьуэтИслъам** сымэ.

«Псэуныгъэр зэлъытэ Iэнатlэхэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр къызэрыщагъэсэбэным зегъэубгъуным республикэм и зыужьныныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщыц. Хэкум и банкхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэныр цIыхухэм я коммунальнэ хозяйствэм я лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ - а технологиехэм я сэбэпкIэ ахъшэр IэрымылъхьэзэгъэкIыу хуежьащ икIи абы щыуагъэхэр нэрылъагъуу игъэмэщIащ. Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зэфIэкIхэр туризмэм и Iэнатlэми и щIэгъэкъуэнышхэущ икIи ахэр сэбэп хъунущ къуршхэм щыщыIэ зэманым зыгъэпсэхуакIуэхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэныжкIэ.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыхаIащ Iэнатlэхэм зыужьныгъэхэм, цIыху куэд щызэблэкI щIыпIэхэм, апхуэдэу еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм шынагъуэншагъэр щыгъэбыдэныжкIэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм Iэмалыщlэхэр къызэрызэIуахыр. Ди щIыналъэм къыщагъэсэбэп «Республикэ шынагъуэншэ» системэм хиубыдэу гъэгугъэм зэрызекIуэ хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъ автоматикэ комплексу 86-рэ щыIэщ. Дызэрыт иухыжу иджыри апхуэдэ системэу 50 ягъэувыну я мурадщ. Транспортым пыщIа апхуэдэ системэхэр дяпэкIэ нэхъри зэрырагъэфIэкIуэнум къыхэкIыу транспорт нэхъыбэ щызэблэкI автомобиль гъэгугъэм щыIэ щытыкIэр ефIэкIуэнущ, абыхэм къыщыхъу щIэщхьухэми я бжыгъэм кIэрыхуну щогугъ.

А Iуэху псори «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэм я щIыналъэ» платформэм къриубыдэу зэпащIэну я мурадщ. КъызэралъытэмкIэ, ар сэбэп хъунущ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэр гъэмэщIэныжкIэ, КЪБР-м и социально-экономикэ щытыкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъныжкIэ. Проектхэм я нэхъыбапlэр дызэрыт илъэсымрэ къыкIэлъыкIуэ гъэмрэ ягъэзэщIну я мурадщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Ростелеком» зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и унафэщIым хуоз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек накъыгъэм и 13-м хуэзащ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Хьутlэ Залым. ЗэIущIэм щыжаIащ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм зегъэубгъуныр экономикэм тэмэму зегъэужьыныжкIэ, цIыхухэм хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтынымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр икIи а лэжьыгъэм гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхэр.

ПСАЛЪЭМАКЪЫМ къыхэщащ инфраструктурэм и оптическэ зэфIэкIхэр къэIэтыныр, социальнэ Iэнатlэм информатизацэм зыщегъэубгъуныр. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIным пыщIауэ иджыри технологиехэр зыубгъуауэ щIэгъэкъуэн къыщащI щIыналъэм узыншагъэр хъумэныжкIэ егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэхэр. Къапщтэмэ, узыншагъэр хъумэныжкIэ Iэнатlэм и къэрал информацэ системэ зэгуэтым и республикэ Iыхьэм зэхагъэуващ. Абы иджыпсту пыщIащ къэралым и унафэм щIэт медицинэ Iуэхущlапlэу республикэм щыIэ псори. КЪБР-м ис дэтхэнэ зыми ар къигъэсэбэпурэ дохутыр зригъэплъын папщIэ зригъэтхыну зэфIэкI игъэтащ, медицинэм и Iуэхущlапlэхэри связым и Iэмалхэр къагъэсэбэнуpэ зыхуэфащэ информацэмкIэ зохуэажэ. Иджыпсту ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я фIыщIэкIэ телемедицинэ технологиехэми заужь икIи абыхэм узыншагъэр хъумэныжкIэ пэублэ Iэнатlэхэмрэ сымаджэщхэмрэ зэпащIэну.

Пандемием зыщIиубгъуа лъэхъэнэм хуабжу сэбэпышхуэ хуэщI вуэхэмрэ школхэмрэ щIэсхэр я унэ имыкIыу еджэным пащэныжкIэ Iэмалхэр зэрызэтрагъэувар. Сатум, Iуэхутхьэбзэхэм, псэупIэгъэува пщэрыпъхэм я пкIэ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэкIэлъыкIуэу щызэфIагъэкIынухэм.

Комлев Владимир утыку кърилъхьащ «ЩIыналъэм щыпсэум и картэ зэгуэт» проектыр гъэзэщIэныжкIэ «Мир» картэм ипкъ иткIэ финансхэм япымыща сервисхэр Iуащхьэмахуэ лъапlэ къыщыгъэсэбэпынымкIэ щыIэ Iэмалхэр.

«ЩIыналъэм щыпсэухэм папщIэ картэм куэдкIэ Iуэхущlапlэхэми щIыху щхьэхуэхэми бюджет ахъшэр зэблэгъэкIынырэ, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къэгъэсэбэпынырэ, сатум пыщIа Iуэхуэхэр дзгъэкIынырэ къащигъэпсынщIэну. Апхуэдэу ахъшэр зэрызэблагъэкI «Мир» системэр дзIэпыкъуэгъушхуэщ щIыналъэм туризмэмкIэ и Iэнатlэм зегъэужьыныжкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм къыщагъэсэбэп ахъшэ Iэрымылъхьэ нэхъыбэ щIыныжкIэ», - жиIащ Комлев Владимир.

Иджырей технологиехэм зэрызэужьыр сэбэп мэхъу финансхэр зэрызэрагъэкIуэр егъэфIэкIуэныжкIэ ахъшэ Iэрымылъхьэу къагъэсэбэпыр нэхъыбэ щIыныжкIи. А лъэныкъуэм и мыхьэнэр зэпкърыхауэ къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ банкым и унафэщI **КIэрэф Мурат**.

«Къалэн куэд зыгъэзащIэ центрхэм щыIэ электрон терминалхэр къызэрагъэсэбэным зегъэубгъуным хуэунэтlа лэжьыгъэшхуэ йокIуэкI. Апхуэдэ терминалхэр Налшык къалэми республикэм и район зэмылIужьыгъуэхэми щыIэ Iуэхущlапlэхэм щагъэуващ. Гулъытэ хэха хуащI щIыхуэхэм я финанс щIэныгъэхэм хэгъэхъуэнми. Иджыпсту диIэ хъыбархэм ятепщIыхьмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэр къыщыхожаныкI щIыхуэхэм я финанс зэхэщIыкIэхэр къэIэтыным хуэунэтlауэ Урысей Банкым иригъэкIуэкI гъатхэ дерсхэм», - къыхигъэщхьэхуэкIащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и апэ къуэдзэм.

ЗэIущIэм щыжаIахэм ятепкIи иткIэ КЪБР-м и Iэтащхьэм республикэм и Правительствэм хуигъэуващ гъэунэхуныгъэ щхьэхуэхэм республикэм и финанс Iуэхущlапlэ зэмылIужьныгъуэхэм щегъэкIуэкIныжкIэ щыIэ Iэмалхэм хэплъэну.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЩIыналъэ зыужьныгъэмрэ гъуэгухэмрэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ ЩIыналъэ зыужьныгъэмкIэ Правительствэм и комиссэм и Президумым и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

ЗэIУЩIЭМ щыхэплъащ гъуэгухэр щIынымкIэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым, абы и лъэныкъуэкIэ къапщыт къалэнхэр зэрагъэзащIэм, апхуэдэу инфраструктурэр зэтегъуэгъуэнымрэ абы хиубыдэ ухуэныгъэхэр къегъэщIэрэщIэжьынымкIэ проект щхьэхуэхэм папщIэ ахъшэ къызэрызэрагъэпэщым.

«ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуэныгъэ 2021 гъэм 113-рэ хагъэхьащ. Абыхэм яхэтщ линейнэ, щIыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэхэр, апхуэдэу уэздыгъэхэр фIэдзэныжкIэ, гъуэгу гъунэжэр гъэбыдэныжкIэ, светофорхэр къэгъэсэбэпынымкIэ лэжьыгъэхэм. Нобэм ирихьэлIэу я Iуэху псори езыгъэкIуэкIынухэр къыхахащ. Псори зэхэту зыхуэл хуагъэзэнущ гъуэгу нэхъыщхьэхэм ящыщу километри 115-м щIигъу.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Нэхъыжьхэр ящыгъупщэркъым

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ накъыгъэм и 9-м Хэку зауэшхуэм и ветеран Ожеред Максим и унэм щыIащ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуну.

МЫ ГЪЭМ и шыщхьэуIу мазэм ветераным и ныбжьыр илъэси 102-рэ ирикъунущ. 1940 гъэм ар Николаев къалэм дэт дзэ-тенджыз базэм щеджауэ щытащ икIи хы флотым къулыкъу щищIэну ягъэкIуэри, 1946 гъэм и гъатхэ пщIондэ абы хэтащ. И лIыхъужьмэрэ хахуагъэмрэ папщIэ, Ожеред Максим къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжьымрэ Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ нагъыщэмрэ, «И хахуагъэм папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Зауэ нэужьым ар щылэжьащ Куржым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Астрахань и метеостанцым я Iэтащхьэу. 1959 гъэм къыщыщIэдзауэ 1974 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидрометеобюром и унафэщIу щытащ.

Ветераным щепсалъэм, Егоровэ Татьянэ абы фIыщIэ хуищIащ, щIэблэм мамыр гъащIэр зэрыхуахъумам папщIэ.

- ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр псом нэхърэ нэхъыщхьащ. ЗэрыпхъуакIуэхэм текIуэныжкIэ къалэн нэхъыбэ зыгъэзэщIар ди къэралращ икIи абы уасэшхуэ щIитащ, ди цIыху куэд зэрыхэкIуэдар къэплъытэкъэ. Фэ гъащIэ къыдэфтащ, тщыгъупщэнукъым фи лIыгъэр, абы дропагэ, - жиIащ Егоровэм.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым нэхъыжьым ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, къару мыкIуэщI иIэну, иужькIэ саугъэти иритащ.

- Нобэ си къуэрылъху цIыкIу Софие къыздэсшащ ветеранхэм епсэлъэну, абыхэм я гукъэкIыжхэм едэIуэну Iэмал игъуэтын щхьэкIэ. Хэку зауэшхуэм и къекIуэкIыкIамрэ тхьэ пэжымрэ тхъумэн хуейщ, ди япэ итахэм текIуэныгъэр къызэрахьам и уасэр ящIэу щIэблэр къэдгъэхъуну дыхуеймэ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

Ди республикэм и хабзэгъэуэ Iэнатlэм и Iэтащхьэр, къищынэмыщIауэ, щыIащ Юрков Анатолийрэ абы и щхьэгъусэ Александрэрэ я унагъуэми. Нэхъыжьхэм ехъуэхъури, зауэ лъэхъэнэ хьэлъэхэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьныгъэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ. Егоровэ Татьянэ ахэр зыхуэныкъуэ щIыпмэ щIэупщIащ, сыт и лъэныкъуэкIи и гуапэу защIигъэкъуэну зэрыхьэзырри дыщIигъуащ. Ветеранхэм я хэщIэм хуаIуэтэжащ я гъащIэр къызэрекIуэкIар, апхуэдэуи КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым зэпымыууэ абыхэм и нэIэ зэратригъэтым щхьэкIэ фIыщIэ хуащIащ.

Егоровэ Татьянэ ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Герасименкэ Нини.

А махуэм КЪБР-м и Парламентым и депутат псори щхьэж и нэIэ зытет ветераным и деж щыIащ икIи гуапэу ехъуэхъуащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Уней ящIам къыпэкIуар

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр къыщызэIуихым, депутатхэр дакъикъкIэ яхуэщыгъуащ Къэзан дэт курыт школ №175-м къыщыхъуа гуэвэгъуэм хэкIуэдахэм.

- МЫ МАХУЭХЭМ Тэтэрстаным къыщыхъуа нэщхъеягъуэм хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм дадощыгъуэ, икъукIэ дигу кьеуащ, - жиIащ Егоровэм.

ЗэIущIэр къыздэуаха нэужь, «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр тепсэлъыхьащ КЪБР-м и къэрал мылькур уней щыным тещIыхьа программэр 2020 гъэм зэрагъэзащIам. А Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ КЪБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр Тохъу Аслъэн. Абы зэрыжиIамкIэ, къэрал мылькуу уней ящIыну къагъэлъэгъуам хуагъэфэщат сом мелуан 296-рэ. Арати, 2020 гъэм уней ящIа мылькум къыпэкIуащ сом мелуани 181,1-рэ, 2021 гъэм - сом мелуан 57,3-рэ. 2020 гъэм КЪБР-м и бюджетым къыхэхъуну зытращIыхьар процент 80,6-кIэ зрэзэщIащ.

2019 гъэм елъытауэ уней ящIым къыпэкIуэм куэдкIэ зэрыхъуар (къэралым и мылькуу а илъэсым ящар процент 7,4-кIэ ягъэзэщIауэ аращ) зэIущIэм къыщыхагъэщащ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ блэкIа лъэхъэнэм нэхърэ нэхъыфIу программэм къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщIа зэрыхуну щIыкIэм, инвесторхэр Iуэхум нэхъри заужьыным хуэунэтlа Iуэхуфlхэр длэжьыным дытрегъэгушхуэ! Ди къэралыгъуэ лъэщым хуэфIэкIащ зауэм и мыгъуагъэ псомкI пхыкIи икIи ар дэтхэнэ зыми фи фIыгъащ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, ветеранхэм захуигъазэри. - Дэ фIыщIэшхуэ фхудощIэ къэвгъэлъэгъуа лIыхъужьныгъэхэм папщIэ. Ди щхьэр лъахъшэу фхудощIэхъ дэтхэнэ зыми! Сыт хуэдиз ильэс дэкIами, фи щIыхьыр, фи къэмылэнджагъэр, фи къару фызэремыблэжар игъащIэкIи щытынущ къытщIэхъуэ щIэблэм я гъащIэ гъуазэу. Ди гуапэщ узыншагъэ быдэ фиIэну.

Ветеранхэм апхуэдэуи ехъуэхъуащ **Нэхущ Заурбийрэ Зумакулов Борисрэ.**

Нэхъыжьхэри къыщыпсэлъащ пщыхьэщхьэм. Абыхэм ягу къагъэкIыжащ зауэ зэман хьэлъэр, я гъащIэм и къекIуэкIыкIар. Зауэр зэриухрэ ильэс куэд дэкIыжами, абыхэм фIыуэ ящIэж фронтым щагъэкIуа махуэжр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ артист щIэрыIуэхэр ветеранхэм къахуэфащ, усэхэм къахуеджащ, ахэр уэрэдхэмкIэ ягъэгуфIащ, езыхэри яфIэфIу ядежьууэ, Iэгу яхуеуэу яхэсащ.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэм махуэшхуэ Iэни къыхуащтащ, нэхъыжьхэм фэеплъ саугъэтхэмкIэ, удз гъэгъахэмкIэ яхуэупсащ, ерыскъы щIэщыгъуэхэри хуэзралъхьащ.

Ветеранхэм я гуапэ дыдэ хъуащ апхуэдэ гупытэр икIи зэхыхьэр зи жэрдэмхэм фIыщIэ хуащIащ, ехъулIэныгъэхэр яIэу адэкIи лэжьэну зэрагуапэри къыхагъэщащ.

ГуфIэгъуэ пшыхьым и кIэхым зэгъуэсу сурэт зэтрагъэщащ.

ДЖАТЭ Къантемыр.

● ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

ДАХ-м пщIэ яхуещI

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэхущlапlэм накъыгъэм и 8-м щекIуэжащ ТекIуэныгъэ Иным и махуэм и щыхькIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхьихьэ.

ЗЭХУЭСЫМ кърагъэблэгъат Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу **Багъ Сэфудин, Герасименкэ Нинэ, Долбня Борис, Калабуховэ Валентинэ, Ламырдон Хьэсэнбий**. Апхуэдэуи зэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым и Администрацэм Къэрал КIуэцI политикэмкIэ и управленэм и чэнджэщагъу **Баах Сергей**, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ **Зумакулов Борис**, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ЖьакIэмыхьу КIунэ**, КЪБР-м и цIыхубэ артисткэ **Хьэмыку Жаннэ**, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщщэ ЗэщIэуэзда Къэрэшей, хабзэхъумэ органэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **ШыхьэузбахьуэМухьэмэд**, Джылахьстэней и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КIэрэф Мурадин**, нэгъуэщIхэри.

Кърагъэблэгъа нэхъыжьхэм фIыщIэ хуащIащ фашиизмэм текIуэным хэпльхьэныгъэныгъэшхуэ зэрыхуащIам папщIэ икIи уэзыншагъэ быдэ яIэну, ильэс куэдкIэ псэуну ежьэхуащ.

ЗэIущIэм и къызэгъэпэщакIуэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** гуфIэгъуэ зэхьихьэр къыщыхэзIуихым абы хэт псоми махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм фIыщIэ яхуищIащ хахуэу хэкур зэрахъумэжам, лIыхъужьныгъэ къызэрагъэпэщам папщIэ.

- Дэтхэнэ зым ди дежкIи Накъыгъэм и 9-р махуэшхуэ нэхъ лъапIэ быдэщ. ТекIуэныгъэм и махуэм дэ псори дызэкъуегъэувэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Урысей псор ефIэкIуэным, абыхэм щыпсэуэхэм нэхъри заужьыным хуэунэтlа Iуэхуфlхэр длэжьыным дытрегъэгушхуэ! Ди къэралыгъуэ лъэщым хуэзфIэкIащ зауэм и мыгъуагъэ псомкI пхыкIи икIи ар дэтхэнэ зыми фи фIыгъащ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, ветеранхэм захуигъазэри. - Дэ фIыщIэшхуэ фхудощIэ къэвгъэлъэгъуа лIыхъужьныгъэхэм папщIэ. Ди щхьэр лъахъшэу фхудощIэхъ дэтхэнэ зыми! Сыт хуэдиз ильэс дэкIами, фи щIыхьыр, фи къэмылэнджагъэр, фи къару фызэремыблэжар игъащIэкIи щытынущ къытщIэхъуэ щIэблэм я гъащIэ гъуазэу. Ди гуапэщ узыншагъэ быдэ фиIэну.

Ветеранхэм апхуэдэуи ехъуэхъуащ **Нэхущ Заурбийрэ Зумакулов Борисрэ.**

Нэхъыжьхэри къыщыпсэлъащ пщыхьэщхьэм. Абыхэм ягу къагъэкIыжащ зауэ зэман хьэлъэр, я гъащIэм и къекIуэкIыкIар. Зауэр зэриухрэ ильэс куэд дэкIыжами, абыхэм фIыуэ ящIэж фронтым щагъэкIуа махуэжр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ артист щIэрыIуэхэр ветеранхэм къахуэфащ, усэхэм къахуеджащ, ахэр уэрэдхэмкIэ ягъэгуфIащ, езыхэри яфIэфIу ядежьууэ, Iэгу яхуеуэу яхэсащ.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэм махуэшхуэ Iэни къыхуащтащ, нэхъыжьхэм фэеплъ саугъэтхэмкIэ, удз гъэгъахэмкIэ яхуэупсащ, ерыскъы щIэщыгъуэхэри хуэзралъхьащ.

Ветеранхэм я гуапэ дыдэ хъуащ апхуэдэ гупытэр икIи зэхыхьэр зи жэрдэмхэм фIыщIэ хуащIащ, ехъулIэныгъэхэр яIэу адэкIи лэжьэну зэрагуапэри къыхагъэщащ.

ГуфIэгъуэ пшыхьым и кIэхым зэгъуэсу сурэт зэтрагъэщащ.

ДЖАТЭ Къантемыр.

Финансыр зыужьыныгъэмрэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ яхуэзащ «НСПК» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Комлев Владимир, Урысейм и Банкым и Ипщэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Эберенец Евгений, КЪБР-м и Лъэпкъ Банк Iуэхущlапlэм и Iэтащхьэ КIэрэф Мурат, «НСПК» акционер зэгухьэныгъэм зыужьныгъэмкIэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ сервисхэмрэ технологие сервисхэмкIэ и унафэщI Точиловэ Марие сымэ.

ПСАЛЪЭМАКЪЫР теухуауэ щытащ финанс Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ къэгъэсэбэныгъуафIэ щыным, цIыхухэм я финанс зэхэщIыкIыр кIэлэтыным, ахъшэр зэрызэблагъэкI иджырей Iэмалхэм зегъэубгъуным.

ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и апэ къуэдзэ **Куныжь МуIэед**, КЪБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкIэ и министр **АщхьуэтИслъам** сымэ.

«ПсэуныгъэР зэлъытэ Iэнатlэхэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр къызэрыщагъэсэбэным зегъэубгъуныр республикэм и зыужьныныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщыц. Хэкум и банкхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэныр цIыхухэм я коммунальнэ хозяйствэм я лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ - а технологиехэм я сэбэпкIэ ахъшэр IэрымылъхьэзэгъэкIыу хуежьащ икIи абы щыуагъэхэр нэрылъагъуу игъэмэщIащ. Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зэфIэкIхэр туризмэм и Iэнатlэми и щIэгъэкъуэнышхэущ икIи ахэр сэбэп хъунущ къуршхэм щыщыIэ зэманым зыгъэпсэхуакIуэхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэныжкIэ.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыхаIащ Iэнатlэхэм зыужьныгъэхэм, цIыху куэд щызэблэкI щIыпIэхэм, апхуэдэу еджапIэ зэмылIужьыгъуэхэм шынагъуэншагъэр щыгъэбыдэныжкIэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм Iэмалыщlэхэр къызэрызэIуахыр. Ди щIыналъэм къыщагъэсэбэп «Республикэ шынагъуэншэ» системэм хиубыдэу гъэгугъэм зэрызекIуэ хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъ автоматикэ комплексу 86-рэ щыIэщ. Дызэрыт иухыжу иджыри апхуэдэ системэу 50 ягъэувыну я мурадщ. Транспортым пыщIа апхуэдэ системэхэр дяпэкIэ нэхъри зэрырагъэфIэкIуэнум къыхэкIыу транспорт нэхъыбэ щызэблэкI автомобиль гъэгугъэм щыIэ щытыкIэр ефIэкIуэнущ, абыхэм къыщыхъу щIэщхьухэми я бжыгъэм кIэрыхуну щогугъ.

А Iуэху псори «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэм я щIыналъэ» платформэм къриубыдэу зэпащIэну я мурадщ. КъызэралъытэмкIэ, ар сэбэп хъунущ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэр гъэмэщIэныжкIэ, КЪБР-м и социально-экономикэ щытыкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъныжкIэ. Проектхэм я нэхъыбапIэр дызэрыт илъэсымрэ къыкIэлъыкIуэ гъэмрэ ягъэзэщIну я мурадщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек накъыгъэм и 17-м КЪБР-м и Парламентым зыхуигъэзэнущ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек илъэс къэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззэм теухуа зэIущIэ 2021 гъэм накъыгъэм и 17-м зэхэтынущ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззэр эфир занщIэкIэ къатынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК (1КЪБР) каналым, щIыналъэм и Iэтащхьэм Инстаграммым щIэ напэкIуэцIым.

Нэтыным сыхьэт 12-м щIидзэнущ.

Удз гъэгъахэр тралъхьэ

Текіуэныгъэм и махуэшхуэм республикэ МВД-м и унафэщІхэм, къэрал кІуэцІ Іэхъухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор Павлов Василий я пашэу, Налшык дэт милицэ скверым ит Хэку зауэшхуэм зи псэр щызыта, мамыр гъащІэм я къалэн игъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ.

ЯПСЭ емыблэжу мамырыгъэр къытхуэзыхьа зауэлІхэм я фэеплъым пщІэ хуащІыну къекІуэлащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэм, къудамэхэм я унафэщІхэмрэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм я ветеранхэмрэ. Апхуэдэуи махуэшхуэ зэхьыжьам хэтащ республикэ МВД-м и Жылагъуэ советым и лІыкІуэ **Шыбзыхъуэ Сафудинрэ** полицэм и яп№ кадет классым щеджэ **Гочаев Кязимрэ**.

Къызэхуэсахэм я дежкІэ гъэщІэгъуэн икІи гуапэ хъуащ абы къыщыхута ГАЗ -69 автомашинэ, республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и органхэм я ветеран, милицэм и полковник **Шорэ Алик** зауэ илъэсхэм и транспортым и теплъэм иригъэзэгъар.

Фэеплъ Іуэхуэхэм щыпащащ «ЩІыхьым и мафІэ мыужьыхь» мемориалым. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбекрэ** полицэм и генерал-майор **Павлов Василийрэ** удз гъэгъахэр абдеж щагъэтІылъащ. Апхуэдэуи абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и лІыкІуэхэр, республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэмрэ ветеранхэмрэ.

А махуэм Павлов Василий щыІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и ветеран, Хэку зауэшхуэм хэта, къэрал кІуэцІ кІуэлыкІым и полковник **Марченкэ Сергей Фёдор и куэм** и деж. Абы иджыпсту къыщІэзэз ведомствэм и медико-санитар частым и госпиталым. Министрыр щІэупщІащ фронтовикым и узынышагъэр зыхуэдэм. Ветераным махуэшхуэмкІэ екъуэхъурь, и узынышагъэр щІэх зэфІэувэжмэ зэригуапэр жиІащ. НэхъыжьыфІым псалъэ гуапэхэр жриІащ полицэм и кадет классым и гъэсэн Гочаев Кязим.

Махуэшхуэ хъуэхъым къыхьыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Ингуш республикэхэм я щІыхьэ артист **Нэхущ Тэрим**. Абы Марченко Сергей тыгъэ хуищІащ игъэзащІэ уэрэдэр зытет диск икІи ветераным папщІэ композицэ зыбжанэ игъэзэщІащ.

- ФыкъызэрысхуэкІуам си гукъыдэжьр къиІэтащ, фІыщІэшхуэ фхузощІ,- жиІащ ветераным.

УАРДЭ Жантинэ.

● Ди махуэгъэпс

Дэтхэнэми ди фарзщ

Накъыгъэм и 15-р Климатым и махуэщ. Ар ягъэлъапІэ экологие шыпагъуэншагъэр къызэрэпэщыным телажьэ ІэщІагъэлІхэм, щІыуэпсым и щытыкІэм кІэлъыплъ къэхутакІуэхэм, къэрал властым щыщхэм, щІэныгъэлІхэм, нэгъуэщІхэмэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ цІыхуу дунейм тетхэми дяпэкІэ къэунэхуну щІэблэхэми я щыІэкІэ-псэукІэр зыхуэдэнур, зэрягурыІуэгъуэщи, куэду елытащ «дызыхэсыхь» щІыуэпсым и щытыкІэм.

ЩІыгур, дызэрыбауэ хьэуар кІуэ пэтми къызэрызэщІэплъэм, нэхъ хуабэ зэрыхъуэм уэгъуэхэр, псыдзэхэр, нэгъуэщІ тхьэмыщкІагъэхэр къагъэщІ, хым и щхьэфэм зыкъраГъэІэт, ищхъэрэ, ищІэ жьыжьэхэм илъэс мин бжьыгъэкІэрэ щызэтриІа мыл абрагъуэхэр ягъэткІу. Ди планетэм дежкІэ хуабжьу шынагъуэщ къытщхьэщІт уэгум гъуэгу щхъуэхьэхьэхэр зэрыщызэтрихьэри.

Тхыдэ мыжьжьэм къызэрыхэщыжьмкІэ, мы къедбжэкІа Іуэхуэхэм ягъэ дыдэу зэІухауэ щытепсэлъыхьар 1992 гъэм Рио-Де-Жанейрэ щекІуэкІа, къэрали 180-м щІигъум (СССР-м хьхьэу щытахэри яхэту) я лІыкІуэхэр щызэІущІа, «ЩІым и саммит» зыфІаща зэхьхьэшхуэрщ. А зохуэсым щызэрихьэлІахэм І Іэтрадзэт ООН-м и конвенцэм, ди планетэм и климатым и зыхъуэжькІэ шынагъуэм теухуам. Мы зэгурыІуэныгъэм щаубзыхуэт ГъуэзэІ «дыджэр» атмосферэм щызэтрамыгъэхьэн папщІэ, а Іуэхум хэпщІа къэралхэм ялэжьыпхъэхэри.

ЩІым и Саммитым (зи гугъу тщІы зэІущІэхэм апхуэдэущ зэреджэр) и ещанэ конференцыр 1997 гъэм и кІэухым Японием хыхьэ Киото хытІыгум щызэхашат. Мыбдежым ягъэзэщІэм хъыщащтауэ щыта Конвенцэм щыщІагъэжат иужькІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа Киото унафэр - къэрал зызыужьхазэми зи экономикэр зэбгэкІыгъуэ лъэхъэнэм итхэми уэгум хаутІыщхьэ гъуэзыр 2008 - 2012 гъэхэм къриубыдэу зы мардэ гуэрым зэрынагъэсыпхъэм (1990 гъэм елытауэ) ехьэлІа къыхуеджэныгъэр.

Илъэси 10 дэкІри, 2007 гъэм и дыгъэгъазэм Индонезием и Бали къалэм аргуэру щызэхэтащ ООН-м мы Іуэхум триуха и къыкІэлъыкІуэ зэхьхьэшхуэр. Абыи щхьэтечу щытепсэлъыхьат дунейм и щытыкІэм къыщыхъу зэхъуэкІныгъэ шынагъуэхэм. Къэрали 190-м я лІыкІуэхэу я зэхуэсым щызэІущІахэм абдежым Іэ щытрадзащ сату-промышленнэ Іуэхущ Іапіэхэм уэгум хаутІыпщхэ гъуэзэхэр зэрямэщІэн зэрыхуейм къыхуезыджэ дунейпсо зэгурыІуэныгъэм.

Ехьэ мыжьжьэм къызэрыхэщыжьмкІэ, мы къедбжэкІа Іуэхуэхэм ягъэ дыдэу зэІухауэ щытепсэлъыхьар 1992 гъэм Рио-Де-Жанейрэ щекІуэкІа, къэрали 180-м щІигъум (СССР-м хьхьэу щытахэри яхэту) я лІыкІуэхэр щызэІущІа, «ЩІым и саммит» зыфІаща зэхьхьэшхуэрщ. А зохуэсым щызэрихьэлІахэм І Іэтрадзэт ООН-м и конвенцэм, ди планетэм и климатым и зыхъуэжькІэ шынагъуэм теухуам. Мы зэгурыІуэныгъэм щаубзыхуэт ГъуэзэІ «дыджэр» атмосферэм щызэтрамыгъэхьэн папщІэ, а Іуэхум хэпщІа къэралхэм ялэжьыпхъэхэри.

ЩІым и Саммитым (зи гугъу тщІы зэІущІэхэм апхуэдэущ зэреджэр) и

● Ди псэлъэгъуэхэр

Си лъэпкъ мащІэр ефІэкІуэныр си хъуэпсапІэщ

Иджыблагъэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ и унагъуэр и гъусэу Москва щыпсэу щІалэ, адыгэ Іуэхум иригъэзавэхэм ящыщ Сэхэу Мурат.

Сэхэу Мурат

- Мурат, укъыщалъхуа къуажэм, уи сабиигъуэм я гугъу уэзгъэщІынут.

- Сэ Налшык сыкъыщыхъуащ, ауэ къуажэр нэхъ сфІэфІти, еджэным сыкъыщыдэхуэхэм абы сыкІуэжырт. Си сабиигъуэм и ныкъуэр абы щызгъэкІуэуэ жыпІэ хъунущ. Ди къуажэм зэреджэу щытар КъуэгъэлъхъуеІщ, иджы и цІэр Урыхущ. Абы дыщыззышыртэкъым - Іэщым дыхэтми, губгъуэм дыдэкІми, псыхъуэм дыдэми, тщІэн дгъуэтырт. Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ хуабэхэм тетІысхьэпІэм дытест, дыщыуэршэрырт. ЩІакъуэ ягъэжьамэ, зэрыпщтыру къатщтэрэ кхъуей щыІгъуу тшхырт, шатэрэ кхъуейрэ дыщыщІэхъэрэгъэкъым. Пхъэщхьэмыщхьэ къызыкІыкІэ жыг къэдгъанэртэкъым - махуэ къэс абыхэм дыфІэст, кІарц нэгъунэ тшхыуэ щытащ. Губгъуэм щІэрыкІуэ къыщыттІырт, мэзым мышхумпІэ, кхъужь цІыкІу, кхъущхьэмыщх къыщытщыпырт.

- А зэманым удэзыхьэхыу щытахэм я гугъу къытхуэщІыт.

- СызэрыцІыкІуэрэ щІэныгъэм сыхущІэкъуу щытащ. ГъащІэм щысслъэгъуу хъыдэм упщІэ хуэзгъэувырт, нэхъыбэ сщІэну сыхуейт. КхъухькІэ щІым и хуэреягъэр къэзыкІухьахэм я тхылъхэм, апхуэдэуи, фантастикэ, адыгэ псысхэм сежьрт.

- Сыт хуэдэ хъуэпсапІэхэр уиІа?

- Сыщысабийм зы хъыбар сигу кІынат. Зыгетехуар Прометейт. Ар, Нэсрэн-Жьакіэ ещхьу, къуршым ирагъІат. Абы щыгъуэм ар зэрызыхэсщІар гуимыхужщ - цІыхухэм фІы яхуищІэн папщІэ Нефест Гефест гъукІэм къыфІидыгъуауэ арат. Абы иужькІэ сэри сигу ислъхьат цІыхухэм фІы яхуэсощІу сыпсэуну. ЗэрысщІыну щІыкІэр сщІэртэкъым, ауэ сыхъуапсэрт. Ар си щхьэм имыкІыу, си лъэпкъ мащІэр ефІэкІуэныр хъуэпсапІэ псом ящхьэжу къэслъытэу нобэм сыкъэсащ.

- Уэыхуеджар, Іэщ Іагъэу къыхэпхар къыджеІэт.

- Іэщ Іагъэ къыщыхэсхми тегъэщІапІэ сщІар си сабиигъуэм къыщежьа гупсысэхэраш. Медицинэм сыхуедджэну сыкІуэри, Москва дэт РУДН-м и стоматологие къудамэр къэзухащ.

- Лъэпкъ Іуэхуэхэм я гугъу тщІымэ, сыт узыгъэгуэавэр, нэхъ уигу къеуэр?

- Илъэс 20 илэкІэ Іэджи сигу къеуэу щытащ. Си ныбжьыр нэхъ кІуэтэху къыщІэгурыІуэраращ, гъащІэм сыт къыщымыхъуами гузэвэным зыдумыгъэхъхьу хэкІыпІэ улъхьуэн хуейуэ аращ. Лъэбакъуэ зырызыххэ фІэкІа пхуэмычми, уи пІэ уимытмэ, укІуатэмэ аращ нэхъапэр. Ди гъащІэри абы лъандэрэ и пІэ итакъым, жьыжь кІуэтащ, куэдкІэ нэхъыфІи хъуащ. Зэрыщытам хуэдэу, укъемылынкІэ шынагъуэу щытыжкъым.

- Лъэпкъыу дыкъыщэтенэн папщІэ, сытхэр лэжьыпхъэу къэплъытэрэ?

- Дэ адыгэу дыщІыщытыр къыдгурыІуэжьхуу лъэпкъыу дыкъыщэтенэнущ. АпщІондэху адыгэбзэми дыхуеинущи, абы нэхъ дегугъун хуейщ. Бзэр зыгъэбагъуэу щытар ІуэрыІуэтэрати, ар хъэщІэщхэм махуэ бжьыгъэкІэ щІыхуэр щысыфым щыгъуэ тхуэлажьэрт. ИужькІэ тхылъхэр кхъежьати, абыи куэд хэтщІыхьащ. Иджы тхылъхэр нэхъ мащІэ хъуэу, Интернетым нэхъ зрату хъуащи, ар зыІэщІэдгъэкІ хъунукъым. Интернетым адыгэбзэм япэ лъэбакъуэхэр щич къудейуэ жыпІэ хъунущ. Куэди щащІащ: щэ бжьыгъэурэ видео ильщ, узэдаІуэ тхылъ къыдгаГъэкІ, уэрэдхэр гъунэжщ, иджы щІэуэ къаублауэ уэрэшр куэд къыщат, тхъэмахуэ къэс 2-3 къыдэкІыну. Ауэ нэхъыбэжи щІын хуейщ. Адыгэбзэ зымыщІэ къытхэтмэ, ар зи лажьэр адыгэбзэ зыщІэхэращ. Дэтхэнэ зыми лъэкІ къыгъанэ хъунукъым абы хэмылэжьыхьауэ. Ар си епІыкІэщ.

- Иджырей технологием и Іэмалхэр къэдгъэсэбэпкІэрэ, сыт хуэдэ зыужьыныгъэхэр дгъуэтыну къэплъытэрэ?

- Технологием гъащІэр нэхъ псынщІэ ещІ, нэхъ жьжьэ уІэбэфу. Абы къыхэкІкІэ цІыхухэри нэхъ зэхэзекІуэ хъуащ. Ауэ а технологие дыдэм дыхэлъэдэсын щхьэкІи зэрфІэкІ нэхъыбэ къыдат. Псалъэм папщІэ, иджы дэнэ щІыпІэм щыІэ цІыхуми уепсалъэ мэхъу, узэрыпІагъуу. Ухуеймэ нэхъ Іущым жиІэ зыхэплъхьэфынущ, ухуеймэ зыгуэр пхуэгъэсэнущ. Нэхъыжьи нэхъыщІи дымыщыхьахмэ абы фІыгъуэшхуэ къыхэтхыфынущ.

- Узэлэжьхэм, уи орадрэм укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.

- Си унагъуэр зэрыслі си Іэщ Іагъэм нэмыщІ адыгэбзэм хуэгъэзэа лжьыгъэ гуэрхэри изогъэкІуэкІ. Зы псалъалъэ ззэгъэпэщащи, абы щамыгъуэт псалъэхэр хьзогъэхьэж. Уэрэдхэм я псалъэхэр ззхуэохьэсыж. Иджыпсту абхъазхэм анимацие гуэрхэр ящІ нартхэм ятеухуауи, апхуэдэ гуэрхэр ди бзэкІэ псалъэу дэри къызэрызэдгъэпэщыным яужь ститу.

- Тхьэм ухущІигъэхьэ! Уи хъуэпсапІэхэр къохъулІэмэ ди гуапэщ.

Епсэлъар **НАФІЭДЗ Мухьэмэдщ**.

● ЕхъулІэныгъэ

Къэжэр Артур и щапхъэ

Мы махуэхэм Франджым щекІуэкІащ щІыхубэ макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэныкІэ дунейпсо зэпеуэ. «Les etoiles Sancyberie» фІэщыгъэр зиІэ а щэнхабзэ зэхьэзэхуэр онлайн щытыкІэм иту къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хэтащ ЦІы хъуерейм и къэрал куэд.

ДУНЕЙПСО зэпеуэм жыдэжру хэтащ, хэтам и мызакъуэу, текІуэныгъэ къыщыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэми. Къапщтэмэ, зэпеуэм нэхъыфІу къыщалъытэу абы и лауреат хъуахэм яхэхуащ Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкіэ и колледжым и езанэ курсым щеджэ Къэжэр Артур. Студент зэчиифІэм бгъэдэлъ зэфІэкІхэр ягъэщІагъуэу, абы и пшынэ еуэкІэм хуабжьу хуэ дихьэхат.

Къыхэдгъэщыщи, ар Артур и яп№ текІуэныгъэкъым. Ар нэхъапэІуэкІэ лауреат щыхъуауэ щытащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм онлайну къыщызэрагъэпэща «Accordion Star International 2021» фестивалъ цІырыІуэм. А ехъулІэныгъэ лъагэхэм щыхьэт техуэ щІыхь тхылъхэр Къэжэр Артур къыхуагъэхьыжащ.

Франджым щекІуэкІа «Les etoiles Sancyberie» дунейпсо зэпеуэм и лауреат хъуахэм ящыщщ цІыхубэ макъамэ Іэмэпсымэхэмкіэ «ШыкІэпшынэ» ансамблри. Ди щІынальэм и цІэр апхуэдэу жьыжь фІыкІэ зыгъэІуэ ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр зэпеуэм хуэзыгъэхьазырар Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артисткэ Къашыргъэ Мадинщ.

Зэпеуэ цІырыІуэхэм щытекІуа ныбжьыщІэ зэчиифІэхэми абыхэм я унэтІакІуэ Іэзэми ди гуапэу дохъуэхъу зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэмкіэ. Ахэр иужьрейуэ зэрыщымытри ди фІэщ мэхъу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Лъэс лъагъуэхэм йолэжь

Хъуран Батий и цІэр зезыхьэ, Балъкъэр уэрамхэм я зэхэкІыпІэм къыщыщІэдзауэ, Головком и уэрамым нэсыху ирикІуэ лъэс зекІуапІэр къагъэщІэрэщІэжащ.

ГЪУЭГУБГЪУИТІМИ зэхуэдэу телъа асфальтыр жьы зэрыхъуар нэрылъагъуэ, щІыпІэ куэдыр къэчат, кумблІэмбжэр ягъэзат. Илъэс блэкІам ижьрабгъу лъэныкъуэр зыхуей хуагъаэзэри, жыг лъабжьэкэр къыдэкІуэу, бетон къэухьэр ягъэувыжащ. Сэмэгурабгъур и гъэпсыкІэкІэ абы къыщыхэщыкІыу, къыбгъэдэлъ лъэс зекІуапІэми екІуу, плиткэ зэмыфэгъу дахэхэмкіэ иджыблагъэ къращыкІащ. Дяпэкіэ абдежым хуиту къыщыкІухь хъунущ сабий зыщІыгъу адэ-анэхэми. Головкомрэ ПащІэмрэ я уэрам зэхэкІыпІэм - гъуэгу ехым илэ кумбыгъэхэри ягъэсеиж.

ЩІыпІэм зэгъуэсу щолажьэ асфальт зэхэкъутар тезыгъэкъэбзыкІхэри асфальт-бетоныр хьэзыру техникэхэмкіэ къезышалІэ ухуакІуэ бригадэхэри. КъалэкІуэ гъуэгуэхэр къанэ щымыІэу зыхуей хуагъэзэху Іуэхур зэпагъэунукъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 15, *щэбэт*

♦ **Унагъуэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦ **Климатым и дунейпсо махуэщ**
♦ **Езым и дуней еплъыкІэм къызэремызэгъым къыхэкІыу дзэм къулыкъу щымыщІэным и дунейпсо махуэщ**
♦ **Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щагъэлъапІэ осетиныбзэмрэ литературэмрэ я махуэр**
♦ **1867 гъэм** Жор Пльыжым и Урысей зэгурыкІуэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦ **1930 гъэм** США-м щыщ Черч Эллен дунейм щыІэну стюардессэу лэжьэн щІидзауэ щытащ.
♦ **1935 гъэм** Москва и метром и яп№ къудамэм - «Сокольники» - «Парк культуры» линэм - мафІэгу ирикІуащ.
♦ **1942 гъэм** 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шууей дивизэр зауэм кІуащ.
♦ **1945 гъэм** Югославием и дзэм иухащ къэралыр фашист зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжьын.
♦ **1945 гъэм** Москва и радиом къитащ Хэку зауэшхуэм и фронтхэм къикІ иужьрей хъыбарыщІэхэр.
♦ **1955 гъэм** СССР-м, Инджылызым, Франджым, США-м, Австрием Венэ Іэ щытрадзащ Австрием и къэралыгъуэр зэфІэгъэувэжыным, ар демократие хабзэхэм тетыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.
♦ **1965 гъэм** СССР-м къыщыщэрагъэпэщащ ЩІэныгъэхэмкІэ и академием Хьэрэш къэхутэныгъэхэмкІэ и институтыр.
♦ Урыс биолог, Нобель и саугъэтыр зрата **Мечников Илья** къызэралъхурэ илъэси 176-рэ ирокъу.
♦ Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ **Васнецов Виктор** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.
♦ Франджы щІэныгъэлІ-физик, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Кюри Пьер** къызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.
♦ Роман цІэрыІуэ куэд зи кьалэмыпэм къыщІэкІа урыс тхакІуэ, драматург, режиссёр **Булгаков Михаил** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.
♦ Шэрджэс тхакІуэ **Темыр Сэлихь** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦ Режиссёр, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артист **Іэхъуэджакіэу Мажид** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.
♦ Драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Акъсырэ Залымхъан** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
♦ ТхакІуэ, драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дудар Хьэутий** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.
♦ Совет актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Касаткинэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦ Урысей композитор, Совет Союзым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Эшпай Андрей** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦ КъБР-м и цІыхубэ артист, режиссёр цІэрыІуэ **ШэрыІужь Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦ ТхакІуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и кІудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лажьа **Къамбий Зуфар** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Светличная Светланэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦ Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-ми ЩІДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦ УФ-ми, Кубанми, КъБР-ми щІыхь зиІэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр зрата **Зыхьэ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦ Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ДыщэкІ Артур** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щы-щытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 16, *тхьэмахуэ*

♦ **Мамыру зэдзпсэуным и дунейпсо махуэщ.** 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Ассамблее Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ накъыгъэм и 16-р Мамыру зэдзпсэуным и дунейпсо махуэу гъэувыным теухуауэ.
♦ **Нэхум и дунейпсо махуэщ**
♦ **Ставрополь крайм и махуэщ**
♦ **Биографэм я махуэщ**
♦ **КъаІмыкъ шейм и махуэщ**
♦ **1744 гъэм** Урысейм и пащтыхь гуащэ Елизаветэ Пётр и пхъум Іэ щІидзащ цІыхум и хьэкумыр укІкІэ ящІэну зэрыхуимытым теухуа унафэм.
♦ **1768 гъэм** Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм унафэ ищІащ Пётр Езанэм фэеплъ хуэщІыным теухуауэ. Ар иджы «ГъуэплъэмкІэ щыкІа шу» фэеплъу Санкт-Петербург дэтырщ.
♦ **1863 гъэм** Одессэ гъущІ гъуэгу ухуэн щыщІадзащ.
♦ **1881 гъэм** Германием и къалащхьэ Берлин дунейм щыяпэу щаутІыпщащ трамвай зрикІуэ гъущІ гъуэгур.
♦ **1924 гъэм** СССР-м къыщыдэкІащ «Мурзилка» сабий журналым и яп№ номерыр.
♦ **1929 гъэм** США-м яп№ дыдэу щекІуэкІащ «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэщаХэм етыжыным теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр.
♦ **1954 гъэм** Налшык къыщыхэІуахащ украин тхакІуэ Вовчок Марко и фэеплъ.
♦ **1960 гъэм** США-м щыщ физик Мейман Теодор дунейм щыяпэу лазер ищІащ.
♦ **1985 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкІащ «Фадафэм ебэныр гъэлъэщыным теухуауэ» унафэр икІи къэралым щагъэжьащ цІыхухэр а щхъуэ бзаджэм щыхъумэным хуэунэтІа лэжьыгъэр.
♦ Адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакІуэ **Хъан-Джэрий Сулътан** къызэралъхурэ илъэс 213-рэ ирокъу.
♦ Адыгэ узэщІакІуэ, щІэныгъэлІ **ХьэтІохъущокъуэ Къазий** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.
♦ Урысей кхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Маресьев Алексей** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **ЩІэхъэпсо Таужан** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦ Совет усакІуэ, тхакІуэ **Берггольц Ольгэ** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.
♦ Совет гимнасткэ, Олимп Джэгухэм плІэнейрэ я чемпионкэ, гъэсакІуэ **Корбут Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦ Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м щІыхь зиІэ и экономист **Къалэ Замир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦ Музыкант, усакІуэ, композитор **Шевчук Юрий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦ Уэчыл, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Бэрокъуэ Зыхэсэн-Алий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щы-щытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 15 - 17 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 17, *блыщхьэ*

♦ **Электросвязымрэ хъыбарегъащІэ зэгухьэныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ.** 1865 гъэм къызэрагъэпэщащ Электросвязым и дунейпсо зэгухьэныгъэр.
♦ **СПИД узыфэм иІыкІахэм я фэеплъ махуэщ**
♦ **Норвегие пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - я Конституцэм и махуэщ**
♦ **Аргентинэм и Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**
♦ **1727 гъэм** Урысейм и пащтыхь тахъэр къыІыысащ илъэс 11 фІэкІа мыхъуа Пётр ЕтІуанэм, Пётр Езанэм и къуэрылъхум.
♦ **1801 гъэм** Санкт-Петербург къыщызэІуахащ дзэзешэ цІэрыІуэ Суворов Александр и фэеплъ.
♦ **1861 гъэм** дунейм щыяпэу ягъэлъэгуащ щхъуэкІэплъыкІэу траха сурэтыр.
♦ **1916 гъэм** Инджылызыр дунейм щыяпэу гъэмахуэ зэманым техьауэ щытащ.
♦ **1928 гъэм** Нидерландхэм я къалащхьэ Амстердам къыщызэІуахащ IX Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр екІуэкІащ накъыгъэм и 17 - щыщкъуэлым и 12-хэм къриубыдэу.
♦ **1988 гъэм** Москва и Кремлым, Спасскэ куэбжэхэм яп№мыжьжьэу ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щыщрагъэкІуэкІыу гъэтІылъыгъэшхуэ къагъуэтащ. Абдежым щІэлът 12 - 13-нэ лІэщІыгъуэхэм зэрахьэу щыта хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр.
♦ **1944 гъэм** Къырым АССР-р щымыІэж ящащ. Къырымым щыпсэу тэтэр мин 200-м нэблагъэ щалъхуа щыпІэхэм ирашри, Азие Курытым, Урал ЩІыбым, Поволжье Ипщэм ягъэІэпхъуауэ щытащ.
♦ Адыгеим щапсэуа тхыдэдж, узэщІакІуэ **Хьэджымыкъуэ Темчэ** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.
♦ Дуней псом щыщІэрыІуэ франджы актёр **Габен Жан** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.
♦ Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ **ДыщэкІ КІунэ** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦ Урысей политик, «Демократием и телъхьэ Урысей» зэщІэхъеныгъэм и пашэу щыта **Старовойтовэ Галинэ** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.
♦ Къэзахъстаным и къэрал къулыкъущІэ, 2019 гъэ лъандэрэ абы и президент **Токаев Касым-Жомарт** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щы-щытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 16 - 17 щы-хьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зеим и хьэтыркІэ хьэм нэмыс хуащІ.

ТхакIуэ, драматург Iэзэ, журналист Дудар Хьэутий къызэралъхьрэ илъэси 100 ирокъу



Дудар Хьэутий Мызэ и къуэр 1921 гъэм накъыгъэм и 15-м Бахъсэн районым щыщ Къулькъужьи Ищхъэрэ къуажэм (Къуэнхьэблэ) къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха ноужь, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьэуу Налшык дэт институтым и егъэджакIуэ курсхэм 1938 - 1940 гъэхэм щеджащ. 1940 гъэм я къуажэ игъэзэжри, курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щриГъэджащ 1942 гъэ хьуху. И узыншагъэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу Хэку зауэшхуэм ямыгъакIуэу, ар тылым къыщынат. 1942 - 1944 гъэхэм Дудар Хьэутий Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэфIэзыгъэувжахэм яхэтащ, абы папщIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и зэманым и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

ЕгъэджакIуэ IэнатIэм дэщIыгъуу Дударым журналист лэжьыгъэри здэихьащ: газетхэм тхащ, радиом къыщыпсэлъащ. 1945 гъэм ар Радиокомитетым ирагъэблэгъащ икIи илъэситкIэ «Хьыбарыщ Iэхэр» редакцэм и редакторащ. 1947 - 1949 гъэхэм «Къэбэрдей пэж» газетым щылэжьащ. ИужькIэ Ленинград дэт консерваторэм щIэтIысхьащ, ауэ и узыншагъэм къызэримыхьым къыхэкIкIэ, къиухыну къехъулIакъым.

1952 гъэм къыщыщIэдзауэ Дудар Хьэутий «Къэбэрдей пэж» газетым и литературэ лэжьакIуэщ. КъыщынэмыщIауэ, и къалэмыпэм къыщIэкIащ драмэ, прозэ тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщхэр къыщыдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъарым и тхылъ тедзапIэм икIи ахэр лъабжьэ зыхуэхъуа спектакль зыбжанэ театр зэмылIэужьыгъуэхэм щагъэуващ. Ди республикэм и театр гъуэдзжэм зегъэужьыным жыджэру зэрыхэлэжьыхьам папщIэ 1973 гъэм къыфIащащ «КъБАССР-м гъуэдзжэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Дударыр Урысейм и ТхакIуэхэми журналистхэми я зэгучъэныгъэхэм хэтащ.

ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пьесэу щагъэувар зыбгъупщIым нызэрохьэс. «Нэчыхьытх» пьесэр ди театрым къыщымынэу, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагьыстэным, Башкирием, Шэшэным, Ингушым щагъэлъэгъуащ.

Дударым и гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ куэд махъу. Абыхэм я нэхъыфIэр гъэшIэгъуэнщ, куэдыгъафIэщ, щIэщыгъуэщ. ТхакIуэм тельыджэу къыгъуэтырт икIи и гурыщIэкIэ, и гупсысакIэ щэрыуэу иуэзщырт и щIэнэкIалъэхэри и гушыIэхэри. Дерс гуэр хэмылъу, зыгъэркIэ уи гум къемыпIэстхъыу, уимыгъэпIейтейуэ абыхэм ярэтыр мащIэщ.

Дудар Хьэутий дунейм екъыжащ 1994 гъэм накъыгъэм и 5-м.

ИСТЭПАН Залинэ.

Хэхъуэн зэрыщызгъэтыжар

Дудар Хьэутий метритIым нэсын щIалэ кIыхьышхуэт. Абы куэд тегушIыхьырт. 1977 гъэм къыдэкIа «Гушыlэхэмрэ ауанхэмрэ» тхылъым и пэублэ псалъэм мыращ езы Хьэутий щитхар абы теуухуэу: «Къутырхъужьи нэхъ хьуажэ кIыхь Бахъсэн районым дэнэ къэна, республикэ псом иткъым. А къуажэшхуэм сэ сыкъызэрыщалъхуам шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. Сыту жыпIэмэ, сэ нэхъ рэ нэхъ лIы кIыхь къэгъуэтыгъуейщ. Си ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэм щIигъуами, си ныбжьэгъуэхэм я фIэщ хъуркъым хэхъуэн щыгъэтэуэ. Сахуэзэху, къыхудэплъейуэ, ахэр къызохъурджауэ: «Уа, Дудар и къуэ, нобэми ныжьбэми удокIейри», - жаIэри. Си инагъым теухуауэ апхуэдэ хьэрыбзитху-хы къыщыхэмыдэ махуэ дэкIыркъым. Аущ сэ зыгъэгусэркъым, садогушыIэжри сапокI. Еджагъэшхуэхэм къызэрахутащи, цIыху кIыхьхэр икIи тэмакъкIыхьщ.*

Хэти сыти жрыреIэ: хэхъуэн зэрыщызгъэтыжар сэ фIыуэ сощIэж. Тхэн къыщыщIэздзари абы щыгъуэщ. Си инагъымрэ абы папщIэ зи жьэр скIэрызымыгъэкI си ныбжьэгъуэхэмрэ я фIыщIэуи къыщIэкIынщ гушыIэ жанрым сызэрэдихьэхар.

Сэ стхауэ ди театрхэм ягъэуващ «Нэчыхьытх», «Къуийцыкlу», «Фыз Iэзэ», «Хьэлэлъжьрэ Хьэрэмыжьрэ», «ЗэгъунэгъуитI» жыхуиIэ пьесэхэр, нэгъуэщIхэри.

Си тхылъ зыбжани дунейм къытехьащ.

Хэхъуэн зэрыщызгъэтыжрэ куэд щIами, гушыIэн зэрыщызмыгъэтыжам и щыхьэтщ мы сборникыщIэр. Аущ си щхьэр зыхуэзгъэщхъ тхылъеджэм ар игу ирихьауэ зэхэсхмэ, иджыри сэ схуздиз схэмыхъуэну си фIэщ хъуркъым».

Ди гуапэу тыдодзэ Дударым и гушыIэхэм щыщхэр.

● ДифI догъэтъапIэ

Адыгэ тхьэIухуд Жамырзэ Фелисие

Я дахагъкIэ, акъылыфIагъкIэ, зэфIэкI лъагэкIэ, гъэсэныгъэкIэ дунейр зытхьэхъуа адыгэ пщащэхэм ящыщщ «2013 гъэм Австралием и тхьэIухуд» щIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Жамырзэ (Джамирзе) Фелисие. Нэ удыфэ пIащэ зиIэ пщащэ сырыхьи и дахагъэм, утыку итыкIэм къэпщытакIуэ гупыр занщIэу итхьэкъуат. А лъэхъэнэм Австралием газетрэ журналу къыдэкIам и япэ нэпкIуэцIкIэр зыгъэдахэр ди лъэпкъэгъум и сурэтт.

ЗЭКЪЫМ, тIэукъым адыгэ пщащэхэм дунейр зэратхэкъуар. Тырку кином и арист нэхъыфIу иджыкIэ къалъытэ хъыджэбзхэр къызыхэкIам ущIэупщIэмэ, я нэхъыбэм адыгэлъ яцIэтщ. ТхьэIухуд зэпеуэ дунейм щащIу адыгэ пщащэ хьыхьэмэ, Iэмал имыIэу пашэныгъэ щеубыд. Щхьэщытхъуагъэкъым сызыхуэкIуэр, атIэ иджыри зэ согушхуэ, икIи согуфIэ. ДыкIуэдыжу жызыIэхэм, лъым и къарум уэзрытемыкIуэнур яжесIэну сыхуейщ.

Адыгэр дунейм зэрыщикъуьхам уигъэгумэщIми, мыпхуэдэ щхьэусыгъуэ дахэхэмкIэ къыхэжаныкIхэм, абы и пщIэр зэрагъэпн шэч къызэытумыхьэжынщ. Ахэращ лъэпкъым и нобэрей тхыдэр зытхыр.

Фелисие къызыхэкIа лакъуэр япэу Хэкужьым ирахуахэм яхэтащ. Хъыджэбзым жеIэ мы щымкIэ Австралием щыпсэу адыгэ мащIэм я зэхуэсхэм Iэмал зэриIэкIэ зэрыкIуэр.

Зэпеуэм хагъэхьэн и пэ, къэпщытакIуэ ткIийхэр хъыджэбз 200-м хэплъэри, къыхахащ Фелисие. «Ахэри сэ схуэдэу зэпеуэм хэтыну щIэхъуэпсыр, ауэ зи насып кърихьэкIар сэращ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт «Австралием и тхьэIухуд - 2013» зэпеуэм дахагъэр щIэтым и мызакъуэу, псапащIэ къаланэ зэригъэзащIэр. Уи зэпэныкъуныгъэ хущIэкъу цIыхухэм зэрязащIэбгъакъуэм, абыхэм яхуэпщI гулъытэм куэд елъытащ. Уеблэмэ, а дэIэпыкъуныгъэр зэ-тIэу пщIауэ зэшIуахыр зыунукъым, ар зэпIуу амыIэу ебгъэкIуэкIын хуейуэ къиГъэувыр зэпеуэм», - жеIэ пщащэм.

Жамырзэхэ я пхъум и интервьюхэм я зым щыжеIэ и лэжьыгъэ, ехъулIэныгъэ псоми я щхьэу псапащIэ Iуэхуэхэр зэриГъэувыр. Абы кърит гупсэхуГъэуэм хуэдэ нэгъуэщI зыми зэрыщимыгъуэтыр. Фелисие зыхэт псапащIэ зэгухьэныгъэм, программэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхалъхьэIэрэ мыльку зыбгъэдэлъхэр драгъэхьэхри, ахъшэ храгъалъхъэ. А Iэхуэщ Iапl эм къегъэщIылIа псапэхэуэлажьэхэм (волонтёрхэм) а ахъшэмкIэ ерыскъы куэду къащIэкури, унэнщэхэмрэ хуэныкъуэхэмрэ трагъашэ. Абы къышщынэмыщIауэ, унагъуэ хуэмыщIэхэм кIуэурэ, нэхъ зыкъуэныкъуэхэр - уиуакъ. Балигъ ныбжьым нэмыса сабий гугъусыгъуэхэм папщIэ щIэх-щIэхыурэ спорт зэхьэзэхуэхэр къызэрагъэпэщ. Фондым и псапэхуэлажьэхэм зи ныбжь хэкIуэтахэм я нэIэ трагъэтщ, абыхэм я Iуэху зытетым щыгъуазэщ, зыхуей хуагъазэ. Ахэр Жор Плъыжь Iуэхущ Iапl эм долажьэ, абыхэм къызэрагъэпэщ дауэдапщэхэм хэтщ, яхуэзфIэкI хуащIэу.

Хэкум, адэжь щIыналъэм теухуауэ гупсысэ гъэщIэгъуэн иIэщ Фелисие: «Ди къуэпсхэм, лъэпкъым и тхьэм куэду сыщыгугъуазэщ, си адэшхуэмрэ адэмрэ къыжьэIэжу щыта хьыбархэм дапщэщи си тхьэкIумэр тегъэхуауэ, софIэгъущIэгъуэну седаIуэрт. СедаIуэртэ, сыдахьэхырт. Иджы сэ куэдрэ согупсыс икIи сочъуапсэ адэжь щIынальэм сыкIуэжьыну. Ауэ щыхъуэкIи, ар зэрызэгъэхъуIэгъуэйм сегъэнэщхьеI. ГъащIэм, дунейм нэхъуеиншэу сазэрыхуащытыр, дэнэкIи сынэсу сызэресам, къэралым сызэрыхэсыхьам саутIыпщыркъым, апхуэдэ дыдэу Хэкум ехьэлIа гупсысэхэми саIыгъщ. Арагъэнщ адыгэмэ къызыкIэрих псоми апхуэдизу сащIыхуэнэхъуеиншэр. Псалъэм папщIэ, сэ Австралием щыпсэу адыгэхэм я зэхуэсхэм сыкIуэрейщ, ди лъэпкъэгъуэхэм сахьхьэн софIэрIщ. Сытым хуэдэу си гуапэ хъуат «Австралием и тхьэIухуд» сыщыхъуам ахэр къызэрэзэхъуэхъуар. Къыхэзгъэщынуи сыхуейт си лъэпкъэгъуэхэр сытым дежи къыскъуэту, къезгъажьэ Iэхуэхэр къыздаIэту зэрыщытыр.

КъызэрымыкIуэу сегъэгумэщI си анэдэлъхубзэр зэрызмыщIэм, сэ зыуэ сохъуапсэри абы сприпсалъэну!.. А бзэ телъыджэр Iурылъу ди щIыналъэм щыбгъэутынур мащIэ дыдэщ, абы и зэранкIэ бзэр ди дежи щыкIуэдыжьынкIэ хуэIуа щIэхъэмI. Ауэ щыхъуэкIи, сэ сыадыгэ пащащэщ! Сприпагэу дэни щыжьэIэ сызэрыадыгэр, лъэпкъ иным сыкъызэрыжкIар»

Жыпlэнуракъэ, Фелисие адыгэу зыкъыпытэми зыкъымыльытэми сыт фIыгъуэу хуэIыр, ауэ уи гуапэ хъур цIыхум я нэхъыбэр къызыфIэзыгъэщIыж ехъулIэныгъэ иныр зыIэрызыгъэхьар зытет лъагапIэм и щхьжу и къуэпсхэр зэригъэувырщ, лъакъуэ зыбжанэкIэ Iэбами лъым къыхэна къабзагъырщ. А и ехъулIэныгъэ псом къищынэмыщIауэ, Фелисие щыпсэу къэралым щыжурналист пэрытщ.

Жамырзэ (Jamirze) унэцIэр Австралием щыщIэрыIуэщ. Унагъуэм я нэхъыжь Ахъмэтэч Адыгейм и къуажэ нэхъыжьым ящыщ Пщыхьэлъыкуей къыдэкIащ, абы и щхьэгъусэр урысщ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ахэр нэмыцэ зэрыпхуэакIуэхэм гъэру яубыдри, куэд я нэгу щIэкIащ. Нэмыцэ IуэрыкIыжа иужькIэ Италием кIуэри, абы щызэрыщащ, итIанэ Сирием щыпсэу я лъэпкъэгъуэм деж Iэпхуэщ, нэхъ иужькIэ АвстралиемкIэ яунэтIащ.

Зэщхьэгъусэхэм бын 11 зэдагъэтащ (щIалихрэ зэчыджэзитхурэ). Адэ-анэр ящхьэщымытыжми, зэрыплъху-зэрыпIыр зэрыбIыгъ, нэхъыжьхэм кърагъэжьа Iуэхур ирагъэфIакIуэ. Унагъуэм я фирмэм и унафэщIыр Александрщ (зэхъуэшхэм я нэхъыжьщ). D'Jamirze Family Enterprise фирмэ иныр ди къэралым и мызакъуэу, дуней псом щыщIэрыIуэщ, абы гуманитар, Iэхуэхьэ зэпыщIэныгъэхэр Iуэхущ Iапl э, цIыху щхьэхуэ куэдым яхуиIэщ.

Зэкъуэшхэр зыбжанэрэ къэралым къэкIуам и мызакъуэу, я къуэпсхэр къыщежьэ Адыгейм щыIащ, АР-м, КъБР-м и Iэтащхьэхэм яхуэзэри зэдэлэжьэну зэгурыIуэуэ щытащ.

Жамырзэхэ псапащIэ Iуэхуэхэм хуэжьджэрщ, Ермэлым щIыр щыхъеям щыгъуэ, я сабийхэм куэд дыдэкIэ ядэIэпыкъуащ. Чернобыль гуэзвэгъуэшхуэ къыщыщыхъуам, дуней къурейр зэпызыупщIа «Руслан» къуэхьлъатэм текIуэдэнур езыту хущхъуэхэкIэ ерыскъыжькIыу тон мин 75-рэ къезыгъэшар ди лъэпкъэгъуэхэрщ. Фелисие и адэ Виктор ди къэралыр щытыкIэ гугъу щиувам щыгъуэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэ мызэ-мытIуэ къриГъэшащ.

Шэчыншэу, адыгэну хуейр дэнэ щIыпIи щыадыгэнущ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Дадэхъан

Iуэтэж

ЛIащIыгъуэ Iэджэкlэ уэзIэбэкIыжмэ, зы фызыжь цIыкIуэр зы лIыжь цIыкIуэр зэщхьэгъусэу псэугъащ. ЛIыжь цIыкIм и цIэр Дадэхъант, фызыжь цIыкIм - Нанэхъант. Апхуэдизкlэ ахэр фаКъырэ, я лъапсэр псыдзэм ихьа хуэдэт.

Дадэхъан егъэлеяуэ щхьэхынт - арат къулейсызыгъэ псори къызыхэкIыр. Ар апхуэдизкlэ щхьэхынэти, дуней псом цIыхуу тету хъуар щхьэхынагъэкIэ зэпеуамэ, бжьыпэр яФIиубыдынт. «Я дэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ, мыр сыту дуней фейцей! - зэпымыууэ тхьэусыхэрт Дадэхъан. - Пщэдджыжькlэрэ сыкъотэджри зызохуапэ, пщыхьэщхьэкlэрэ зызотIэщIыжри согъуэпльыж! Ар зы махуэтэм, ар махуитIтэмэ, сыдэкIуэтэнти! Апхуэдизу бэлыхь стелъу си гъащIэ псор дауэ зэресхьэкIынур!».

И щхьэхынащхьи, Дадэхъан къаланитI, - шхэныжрэ жеиныжрэ, - дэгъуэу зэдрихьэкIырт. Ауэ, гъэщIэгъуэныратэкъэ, мы бы щыгъуэми Дадэхъан тхьэусыхэрт: «Сызэрышхэу жей щхьэкIэ соIэ, жей сызэрырикъуу сомэжалIэ!»

Дадэхъан гуэущIу махуэ псом щылът. Жэщ хъуакъэ - пырхъыжу жейрт.

Дадэхъан нэхъ зытригъэлIыкIрэ хуэсакъыу ихьумэу зы къэпталыжь закъуэр иЗуэтащ

- Нанэхъан! Кхъыlэ, тIо, си къэпталыжь закъуэр тIэкIу схуэдыж. Апхуэдизкlэ фейцей хъуащи, зрипсэу хьэм пщичыжьнкъым.

- СыткIэ пхуэздыжьи, си Дадэхъану дыщIэзэрылэ?! Мастэ сиIэ мыгъуэкъым, - тхьэусыхащ Нанэхъан. ИтIанэ, тIэкIуэр хэгупсысыжьри, къыпищащ: - Сэ дздэзыхьаэу зы ху пут закъуэ сиIэщ. Хъарзынэу нобэ бззэр махуэщ. Ху путыр бззэрым хьы, щэи, утемыукIытыхьыну зы къэпстал цIыкIуэр мастэ дестэрэ къэщэхуи къэкIуэж. Уи къэпталыжьри пхуэздыжьынщи, тIури зэблэхъуурэ зепхьэнщ.

Ар щыIэхихьм, гуфIащIщ, къыщыпIэтри, щэ зигъэджэрэзащ. Ауэ ху путыр и дамащхьэм тельу бззэрым ихьын зэрыхуейр къыщыгурыIуэм, боф жиIэу укIуриижащ.

- Нанэхъан! - еджащ ар и щхьэгъусэм. - Сэ Iеищэ мыгъуэу сощхьэж, къхьыIэ, бззэрым уэ схуэкIуэ.

- Уэ укъэсыжьхуу уи пIэкIэ сэ сыщхьэхынщ, Дадэхъану си дыщIэзэрылэ! Уэ пхуэхъунур, уигу ирихьыну къэпталыр сэ дэнэ щысщIэн, на-а гущэ?

ИтIанэ Дадэхъан хьилагъэ хуокIуэ.

- ТхьэмыщкIэм бдзы кIэщIри кIыхьри хуохъу. ПщампIэ тетрэ Iэгъуапитl пыт закъуэмэ, сыт хуэдэми содэ. Кхъыlэ, уэ кIуэ, Нанэхъан! - аргуэру Дадэхъан и щхьэгъусэм елъэIуауэ.

- Уафэ къащхъуэ, щIылъ щхъуантIэ, лъэмбытI сымычын! - кIэщIу пигъэщхъащ Нанэхъан.

Дадэхъан сыт ищIэжынт? Ху путыр и дамащхьэм трилъхьэри ежьащ.

Дунейр бадзэуэгъуэти, махуэр хуабэвэкI. Дадэхъан тIысрэ зигъэпсэхумэ, ежьэжурэ лъабэдий ищIурэ здэкIуэм, ху путыр къытехьэлъэ хъуащ. «Мыр сыту хьэлъэ хъуа?! Фызыжьым зы пут закъуэ жиIа щхьэкIэ, путищ мыхъу си фIэщ хъуркъым», - тхьэусыхащ Дадэхъан, зыкъомрэ кIуа нэужь.

Ауэрэ здэкIуэм, Дадэхъан Iпэ гъэзгурыкIуэр къыльэщIыхьащ. Абы и дамащхьэм бащэ пут ныкъуэ тельт.

- Бззэр кIуам, тхьэмадэ, бащэ пут ныкъуэ схьати, зы къэптал дзгъуэрэ мастэ деститIкIэ схьэжащ, - Iпэ гъэзгурыкIуэр цым и кIуапIэмкIэ къеуэу хуежьащ, Дадэхъан и Iэхур зыIутыр зригъэщIа нэужь. - Иджыри бжьэхуэ пут ныкъуэм и ныкъуэжкIэ схъуэжьыну мы бэлагъыр сохь!

Дадэхъанрэ Ещанэ гъэзгурыкIуэмрэ зэгурыIуэри зэхъуэжащ. «Алыхьым насып зритам къытепхьфын!» - Дадэхъан, и Iупэмрэ и пащIэмрэ зэтемыхьэу гуфIащ.

Ещанэ гъэзгурыкIуэ гуэрым игъэзэжащ. Ар бззэрым сыт щхьэкIэ кIуэжынт? И Iуэху зэфIэкIат.

Дадэхъани и гъэзгу теувэжащ. Тысрэ зигъэпсэхумэ, ежьэжурэ лъабэдий ищIурэ бззэрым нэсащ.

Бззэрым мастэ хъуэжьэу телът, ауэ егъэлеяуэ лъапсэйт. Дадэхъан хэт емыуплащами, хэт емылъэIуами, хэт жримыIами, зы мастэ цIыкIу закъуэ фIэкIа и бэлагъым къратын ядакъым.

Дадэхъан сыт ищIэжынт? И бэлагъыр зы мастэ цIыкIу закъуэкIэ ихьэужри, бззэрым къытригъэзэкIыжащ. Абы хэту къэптал къыззэримыщхъаур игу къыкIэжри къэгъэзэвэжащ. Ауэ сыт и Iэмалыжт? ЗэрыхъунIамэ хъуат.

Дадэхъан нэсыжа нэужь, Iуэхур къызэрекIуэкIа псори зэтелащIыпкIаIуэ Нанэхъан хуиIуэтэжащ.

Нанэхъан егъэлеяуэ гу щабэпсэ щабэт.

- Iпэ кIынкъым, Дадэхъану си дыщззэрылэ! - къедэхэщIащ ар и щхьэгъусэм. - ЦIыхэр псэуну, пыIэ щыщIэркъым, жаIэ. Къэпталыщи къэпщэхунщ. АпщIондэху уи къэпталыжьыр пхуэздыжьинщи, щыгъагъ!

Дадэхъан и къэпталыжьыр Нанэхъан къуэлэн-пщIолэну хуэзэхидыжьыхри щригъэтIэгъэжащ. Дадэхъан дунейм ехьэжыхкIэ ар нэгъуэщI къэпталкIи хуэзэхъуэкIыжакъым.

Нанэхъан щыгъуэ жиIа щхьэкIэ, пут псо мыхъуу си фIэщ хъуркъым!» - тхьэусыхащ Дадэхъан.

- Абы хэту Ещанэ гъэзгурыкIуэр кIыпIэщIыхьащ. Абы зы бэлагъ иныгът.

Дадэхъан и Iэхур зыIутыр Ещанэ гъэзгурыкIуэми хуиIуэтащ.

- Бззэр кIуам, тхьэмадэ, зы бэлагъ схьати, къэптал дзгъуищIрэ мастэ дестиплIкIэ схъуэжащ, - Ещанэ гъэзгурыкIуэ гузэр щыи и кIуапIэмкIэ къеуэу хуежьащ, Дадэхъан и Iэхур зыIутыр зригъэщIа нэужь. - Иджыри бжьэхуэ пут ныкъуэм и ныкъуэжкIэ схъуэжьыну мы бэлагъыр сохь!

Дадэхъанрэ Ещанэ гъэзгурыкIуэмрэ зэгурыIуэри зэхъуэжащ. «Алыхьым насып зритам къытепхьфын!» - Дадэхъан, и Iупэмрэ и пащIэмрэ зэтемыхьэу гуфIащ.

Ещанэ гъэзгурыкIуэ гуэрым игъэзэжащ. Ар бззэрым сыт щхьэкIэ кIуэжынт?! И Iэхур зэфIэкIат.

Дадэхъан и гъэзгу теувэжащ. ТIысрэ зигъэпсэхумэ, ежьэжурэ лъабэдий ищIурэ здэкIуэм, бжьэхуэ пут ныкъуэм и ныкъуэжкIэ схъуэжьыну. «Ярэби, мы бэлэбанэм сыкъымыгъэпцIауэ пIэрэ? Бжьэхуэ пут ныкъуэм и ныкъуэжкIэ ежьа щхьэкIэ, пут псо мыхъуу си фIэщ хъуркъым!» - тхьэусыхащ Дадэхъан.

Абы хэту Ещанэ гъэзгурыкIуэр кIыпIэщIыхьащ. Абы зы бэлагъ иныгъ.

Дадэхъан и Iэхур зыIутыр Ещанэ гъэзгурыкIуэми хуиIуэтащ.

- Бззэр кIуам, тхьэмадэ, зы бэлагъ схьати, къэптал дзгъуищIрэ мастэ дестиплIкIэ схъуэжащ, - Ещанэ гъэзгурыкIуэ гузэр щыи и кIуапIэмкIэ къеуэу хуежьащ, Дадэхъан и Iэхур зыIутыр зригъэщIа нэужь. - Иджыри бжьэхуэ пут ныкъуэм и ныкъуэжкIэ схъуэжьыну мы бэлагъыр сохь!

Дадэхъанрэ Ещанэ гъэзгурыкIуэмрэ зэгурыIуэри зэхъуэжащ. «Алыхьым насып зритам къытепхьфын!» - Дадэхъан, и Iупэмрэ и пащIэмрэ зэтемыхьэу гуфIащ.

Ещанэ гъэзгурыкIуэ гуэрым игъэзэжащ. Ар бззэрым сыт щхьэкIэ кIуэжынт?! И Iэхур зэфIэкIат.

Дадэхъан и гъэзгу теувэжащ. ТIысрэ зигъэпсэхумэ, ежьэжурэ лъабэдий ищIурэ здэкIуэм, бжьэхуэ пут ныкъуэм и ныкъуэжкIэ схъуэжьыну. «Ярэби, мы бэлэбанэм сыкъымыгъэпцIауэ пIэрэ? Бжьэхуэ пут

● Гушыlэ кlэщIхэр

Дауэ пхуэгъэгъуа?

Ахьмэд шыгукIэ бззэрым къикIыжыр. Абы и бззэр Iэхухэри хъарзынэу зэфIигъэкIати, адыгэ уэрэдыжьым хъуидзарэ зригъэщIеикIауэ шыгум ист. ШитIыр апхуэдизкIэ уэдыкъуати, я дзажэналъэ къыхэпIиикIхэм утеуIуамэ, Ахьмэд жиIэ уэрэдым и макъамэр тыншу къыпхуигъэкIынут.

Ауэрэ здэкIуэм, щIалэ гъуэгурыкIуэ къыхуэзащ.

- КъитIысхьэ, ныбжьэгъу, уздэсшэнщ! - жиIащ Ахьмэд.

ГъуэгурыкIуэм, шыгум къызэритIысхьэхуэу, шитIыр зэпилпльхуэ хуежьащ.

- СлIо, ныбжьэгъу, шы уи щыпэльэгъу? Мы си шитIыр сыту хуабжьу зэпулпльхьрэ?

ЗдэкIуэм нэсыху гъэзгурыкIуэм зыри жиIакъым.

- Бззэр кIуам зы дзажэ цIынэ къэсщэхуати, схуэмыгъэгъуу хьэпIащIэм сфIызэщIищтащ, - жэуап итыжащ щIалэм, шыгум щелъэжьым. - Е гъэзгу махуэ, хьэпIащIэ химыщIэу уэ мы уи шитIыр дауэ пхуэгъэгъуа?

Яку дэлъ тIэкIурщ

Ди къуажэ псом Хьэдис нэхъ щIалэфI дэстэкъым. Ауэ, езым гу лъимытэжурэ, ар фадэм дихьэхащ. Фадэм ятIерей Хьэдис щIалэм фIым и хъубжэр хуригъэщIыжри, етIуанэрей Хьэдис цIыху кIуэдар абы и пIэм иригъэващ.

Иджы Хьэдис и цIэр щыгъупщэжыху ефэрт, кIуэжьыри, и бынунагъуэ хъарзынэм яхэзэхуьырт. Абы и щхьэгъусэр куэдрэ къелъэIуащ: «Кхъыlэ, Хьэдис, дызэдэбгъэпсэунумэ, фадэр щыгъэт!» - жиIэурэ. Щымыхъуьхуэхэм, фызыр щIэпхъуэжащ.

ИтIани Хьэдис ефэрт. Нэхъ Iейжу ефэрт. Ауэ, гъэщIэгъуэныратэкъэ, ефэ пэтми, фадэр езэгъыртэкъым: щефэкIи тхьэусыхэрт, щыпкърыкIыжкIи гызырт.

Зы пщэдджыжь гуэрым Хьэдисхэ я гъунэгъу лIыжьыр къеупщIащ:

- Уи Iуэху дауэ щыт, си щIалэ? - жиIэри.

- Хьэлэчщ! Дыгъуасэ сефауэ си щхьэр фIех! - гурымащ Хьэдис.

- Уи Iуэхур къызгурыIуэркъым, си щIалэр, - пищащ лIыжьым и псалъэм. - УщефэкIи утхьэусыхэу жаIэ, щыппкърыкIыжкIи уогъэ: щымызэгъкIэ щхьэ уефэрэ?

- Сыщефэмрэ щыспкърыкIыжымрэ якIу дэлъ тIэкIуращ сыщIефэр! - жэуап итыжащ Хьэдис.

- А-а!.. Iэлэхьэ, си щIалэ, мис иджы къызэрыгуIуам уэ узытеунэхъуар! - жиIэри лIыжьым щэтащ.

Уэ уэзрыпIащIэр зыми щыщкъым

Къарэрэ Жэмалрэ я псэр зы чысэм илът. А тIур зэрызэнэжьхэгъуэрэ илъэс Iэджэ щIат. Щызэрымылъагъу махуэри гъащIэм хабжэртэкъым. Апхуэдизу екIуэкIыу Къарэ къулыкъу тIэкIу къратащ. Къыщратым, абы и ныбжьэгъу Жэмал зыщидзэкI хъуащ.

Зэгуэр зэныбжьэгъуитIыр уэрамым щызэхуэзащ. Щызэхуэзэм, зыр гуфIащ, адрейм и нэщхьыр зэхигъэуащ.

- Сигукlи си псэкlи сынохъэзыху, Къарэ! - жиIащ Жэмал къыпIыгуфIыкIыу. - Ауэ иджыри къэс уэзрыщыта Къарэу къэнэж. Зы-щымыгъэгъупщэ: къулыкъым цIыхур щызэIигъэхьэ къохъу. Сакъ, си ныбжьэгъужь!

- Уэлэхьи, уэ уи уазым седалъэу сыщытыну сэ зэман симыIэ. ЗэIуущIэ езгъэкIуэкIын хуейуэ сопIащIэ. ФIыкIэ! - жэуап итыжащ Къари, Iуигъэзыкlыжащ.

Абы иужькIэ зы мази дэкIагъэ-ни. Зы илъэси дэкIагъэни. Ауэ Къарэ и нэхъжьэгъуэм зэрызыщIдзэйм хуэдэт.

Апхуэдизу екIуэкIыурэ, Къарэ, хъэдыгъуэдахэ гуэркэр зэхищIыхьри, и кулыкъым къытрахужащ. Къытрахужа къудей мыхъуу, суд къихьыным иIэжар зы тIэкIунитIащ.

Зэгуэр зэныбжьэгъуэкитыр уэрамым щызэхуэзащ. Щызэхуэзэм, зыр гуфIащ, адрейм и нэщхьыр зэхигъэуащ.

- Дунейм щхьэ утемытыжрэ, Жэмал? Сыт бгъахьэхэр? Сыт уи узыншагъэ? - Къарэ къыпIыгуфIыкIыжу пхъуэри IитIкIэ Жэмал и Iэр иубыдащ.

- Уэлэхьи, уэ жыпIэм седалъэу сыщытыну сэ зэман симыIэ. Адэ зэ сыныщохъуэхъуам уэ узэрыпIащIар зыми щыщкъым, иджыпту сэ сызэрыпIащIэм елъытауэ! - жиIэщ, Къарэ хэтIауэ къигъанэри, Жэмал Iуигъэзыкlыжащ.

И ныбжьэгъуэхэр и гъусэу Налшык паркым зыщегъэпсэху. *1962 гъэ*

Адыгэ тхьэIухуд Жамырзэ Фелисие

Я дахагъкIэ, акъылыфIагъкIэ, зэфIэкI лъагэкIэ, гъэсэныгъэкIэ дунейр зытхьэхъуа адыгэ пщащэхэм ящыщщ «2013 гъэм Австралием и тхьэIухуд» щIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Жамырзэ (Джамирзе) Фелисие. Нэ удыфэ пIащэ зиIэ пщащэ сырыхьи и дахагъэм, утыку итыкIэм къэпщытакIуэ гупыр занщIэу итхьэкъуат. А лъэхъэнэм Австралием газетрэ журналу къыдэкIам и япэ нэпкIуэцIкIэр зыгъэдахэр ди лъэпкъэгъум и сурэтт.

ЗЭКЪЫМ, тIэукъым адыгэ пщащэхэм дунейр зэратхэкъуар. Тырку кином и арист нэхъыфIу иджыкIэ къалъытэ хъыджэбзхэр къызыхэкIам ущIэупщIэмэ, я нэхъыбэм адыгэлъ яцIэтщ. ТхьэIухуд зэпеуэ дунейм щащIу адыгэ пщащэ хьыхьэмэ, Iэмал имыIэу пашэныгъэ щеубыд. Щхьэщытхъуагъэкъым сызыхуэкIуэр, атIэ иджыри зэ согушхуэ, икIи согуфIэ. ДыкIуэдыжу жызыIэхэм, лъым и къарум уэзрытемыкIуэнур яжесIэну сыхуейщ.

Адыгэр дунейм зэрыщикъуьхам уигъэгумэщIми, мыпхуэдэ щхьэусыгъуэ дахэхэмкIэ къыхэжаныкIхэм, абы и пщIэр зэрагъэпн шэч къызэытумыхьэжынщ. Ахэращ лъэпкъым и нобэрей тхыдэр зытхыр.

Фелисие къызыхэкIа лакъуэр япэу Хэкужьым ирахуахэм яхэтащ. Хъыджэбзым жеIэ мы щымкIэ Австралием щыпсэу адыгэ мащIэм я зэхуэсхэм Iэмал зэриIэкIэ зэрыкIуэр.

Зэпеуэм хагъэхьэн и пэ, къэпщытакIуэ ткIийхэр хъыджэбз 200-м хэплъэри, къыхахащ Фелисие. «Ахэри сэ схуэдэу зэпеуэм хэтыну щIэхъуэпсыр, ауэ зи насып кърихьэкIар сэращ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт «Австралием и тхьэIухуд - 2013» зэпеуэм дахагъэр щIэтым и мызакъуэу, псапащIэ къаланэ зэриГъэзащIэр. Уи зэпэныкъуныгъэ хущIэкъу цIыхухэм зэрязащIэбгъакъуэм, абыхэм яхуэпщI гулъытэм куэд елъытащ. Уеблэмэ, а дэIэпыкъуныгъэр зэ-тIэу пщIауэ зэшIуахыр зыунукъым, ар зэпIуу амыIэу ебгъэкIуэкIын хуейуэ къиГъэувыр зэпеуэм», - жеIэ пщащэм.

Жамырзэхэ я пхъум и интервьюхэм я зым щыжеIэ и лэжьыгъэ, ехъулIэныгъ

● Тхьідэм щыщ

ЛІэщІыгъуэхэм я лъэужь

ЩІэныгьэлІхэм къызэрахутамкІэ, адыгэшым и ныбжьыр илъэс минищым ноблагъэ. Нартхэм я лъэхъэнэм дунейм кьытехьэри, апхуэдизу гъуэгуанэ кьызэпичащ абы, шы лъэпкъ цІэрыІуэхэм ящыщ зы хъун папщІэ.

АДЫГЭХЭМ ижь-ижьыж лъандэрэ шы зэрызэрахуэм щыхьэт тохъуэ археологхэм щІы щІагъым къыщІахьыж пасэрей хьэпшыпхэри пасэрейхэм кьызэранэкІа хъыбархэри. Тхыдэм кьыхэнащ мыпхуэдэ хъыбар: пасэрей дзэпщ цІэрыІуэ Александр Македонскэм и адэм, пащтыхь Филипп, Псыжьрэ Тэнрэ къыщищэхугъащ... шы мин тІощІ.

Пасэ дыдэу цІэрыІуэ хъури, адыгэшым и пщІэмрэ и уасэмрэ зэи ехузыжьакъым, абы щыхьэт техьуэфынущ мы зы щапхъэри: шы ящэхун щхьэкІэ, сатуущІэкэр щызэхихьэ кърым бэзэрхэм адыгэшыр нэгъуэщІ шы лъэпкъхэм елЫтауэ хуэдэ 20-25-кІэ щынэхъ лъапІэт.

Пасэрей дзэпщхэм я деж кьыщыщІэдзауэ, шуудзэ зыгъэшэс дэтхэнэми адыгэшым пащІ щыІакъым, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури, адыгэшым и лІэужьыр жьжьэ нэсащ, абы илъ ящІэтщ нобэ дуней псом щыцІэрыІуэ шы лъэпкъ куэдым.

Пасэрейм мыпхуэдэ псалъэ кьыхэринэкІащ: цІыхум дамэ къритакъым Тхьэм, дамэ кьыщирмиытым, шыкІэ къыхуэупсащ. Дамэ пэлъытэт шыр цІыхум дежкІэ. Гъуэгуанэм я нэхъ кІыхьри игъэкІуэщІыфырт адыгэшым, еш ищІэртэкъым, зекІуэлІыр гъуэгум къыщытрини къэхуакъым. БгыпІэ ихьамэ, адыгэшыр мэз бжэным хуэдэт, бгы задэми, щыхупІэми, лъагъуэ зэвми, къуршыпс уэрми щыщтэрэкъым - шыщІэ ныбжьым щытым щыщІадзэрти, а псом хуагъасэрт.

Шы лъэпкъ цІэрыІуэ зыбжанэ къагъэхъуащ адыгэхэм. Нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщт щхьэхъур, трамыр, абыкъур, бекъанар, есэнейр, нэгъуэщІхэри - шыр зей лъэпкъым я цІэр фІащыжаз. Зейм я дамыгъи традзэрт шым, зы лъэпкъым и дамыгъэ нэгъуэщІ лъэпкъым къигъэсэбэпи хьунтэкъым.

ЩолэхъуэкІэ здэжь шы лъэпкъым мыпхуэдэ хъыбар кьыдогъуэгурыкІуэ. Шыр зейм, Щолэхъупщым, и дамыгъэр нэгъуэщІхэми къагъэсэбэп щыхъуэ, пщым ар къезыщІэр къумысын мурад ищІащ. Пхъэшыкъу лъагэ игъэуэри, пщым дамыгъэ нэпці зытелъ шыхэр зэхуригъэхусащ, езым ишхэри яхиутІыпщхьащ.

Пхъэшыкъум ихьри, пщым шыхэр игъэщтащ яхэуэурэ. Щигъащтэм, пхъэшыкъум елъэфар езым ишхэрщ, дамыгъэ нэпці зытелъ шыхэр пхъэшыкъум кьинащ. «Пхъэшыкъум кьинар щолэхъуькъым, щолэхъур пхъэшыкъум еплъащ», - жиІащ пщым. Абы иужькІэ Щолэхъупщым и дамыгъэ зыми кьигъэсэбэпыжакъым...

Гъуэгуанэ кІыхь зэригъэкІуэщІыфым, тафэри бгылъэри зэризэхуэдэм нэмыщІ, адыгэшыр Іущт, жащ мазэхэми гъуэщэнутэкъым, епсыхамэ, ямылъакъэми, зейм бгъэдэкІынутэкъым, апхуэдизкІэ есэрти. Адыгэшым итхьэкъуа тхакІуэ цІэрыІуэ гуэрым мыпхуэдэ псалъэ кьыхэринэкІащ: «ФіамыщІым хуэдэщи, къарапцІэщ, и лъэр псыгъуэщ, и нэ дахитІыр птригъэкІыркъым, и гуащІэр-щэ! Ибгъэлъамэ, кьыжьэдэпкъуэкъыж кьызэтеувыІэнукъым; кьосэнщи, хьэм хуэдэу уи ужь итынущ...» Абы щІыдгъужьнщ: адыгэшым нал щІалъхьэу щытакъым, и лъэбжьанэр апхуэдизкІэ быдэти.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

Липкин Семён адыгэ, балъкъэр усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэм къоджэ.
Москва, Литераторхэм я унэ. 1965 гъэ, дыгъэгъаззм 3

● Хъуэхъухэр

Алътуд къуажэм щыщ Къэжэр ЛатІиф Хьэбыж и къуэм и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъури, ди гуапэу дохъуэхъу

Илъэс тхущІым щІигъукІэ къэрал кІуэцІ ІэхъухэмкІэ министерствэм, прокуратурэм и лэжьакІуэу, танк ротэм и командиру щыта, отставкэм щыІэ капитан, япэ нагъыщэ зиІэ юрист – ахэр псори гурэ псэкІэ узыбгъэдэта Іэнатіэхэмрэ уи емызэшыж лэжьыгъэрэ ІэхъущІафэкІэ къэбгъэжьа щІыхьыцІэрэщ. Цыху нэсщ, Іэщ1агъэлІ гъуэзэджэщ къыпхужаІэу Іэнатіэ узэрыпэрытар, шэч хэмылъу, гуапэщ, ауэ ди дежкІэ нэхъыщхьэр ахэракъым. АтІэ гъуазэу удиІэу, сыт и лъэныкъуэкІи дыбдэплъейуэ, узщхь дыззрихъуным дыхущІэкъуу, уи щІэныгъэ лъагэмрэ уи Іущагъыкъым ин дрихъуу дызэрыпсэурщ.

Дынохъуэхъу узынщагъэ быдэ уиІэну, ди гуфІэгъуэ куэд уэрплъэну, ди ехъулІэныгъэхэм ущыгуфІыкІыну. Куэд плъэгъащ, гугъуехь Іэджэ пщэчащи, мис ахэр пщызыгъэгъупщэн уи нэгу щІэмыкІыу, уи жьауэм дыщІэту иджыри Іэджэрэ ди япэ уитыну Тхьэм жиІэ!

Уи щхьэгъусэ Ленэ, уи къуэхэу Анзор, Тимур, Ахьмэд, уи нысэхэу Заремэ, Жаннэ, Ларисэ, уи къуэрылъхъэр.

КъБР-м и Адвокатхэм я зэгухьэныгъэм хэт уэчыл Іэзэ Къэзан Заремэ Къэрэшей и пхъур илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащи, абы йохъуэхъу къыдэлажьэхэр, и благъэ-Іыхьлыхэр, и унагъуэр, и бынхэр.

Узынщагъэ быдэрэ дэрэжэгъуэрэ уиІэну, уи лэжьыгъэм и ныбжькІэ абгъуэм зы джэдыкІэ (абгъуэрынэ) кьранэ.

♦ПІащІэ хъуа шыпсым бажэ шыпскІэ йоджэ.

♦Джэшыр хуабапІэм щахъумэркъым, хьэпІащІэ хещІэри.

♦Къуэнтхъурей цІынэ куэд пшхыреймэ, жьэжьейр егъэкъабзэ.

♦Дэшхуэр яшхыну сэбэпышхуэщ лъы зи мащІэхэм, щыгъупщэххэм.

♦ГъэтІылъыгъэ ящІа кхъуейр яшхыну кхъыхаха нэужь псы щІыІэ дагъэжэх. Пхуэмышхыу кхэнар хэплъхьэж хъунукъым, кхъуейр щащэ ещІ, зэІегъэхьэ.

♦Шыгъу ипкІутыну, утеувэну гуэныхьышхыу пылъу къалъытэ.

♦Хуту хьэжыгъэр щагъэлъкъым, дыдж мэхъури.

♦Ху мэжаджэ нэхъ щащІыр сабийм лъэтеувэ щыхуащІым и дежщ.

♦Къэб яупщІэтар е зэгуаудар ямыгъавэу е ямыгъажьэу махуитІ нэхъри нэхъыбэ щагъэлъыркъым, зэІохьэри.

♦Хъарбыз, хъэуан, нащэ, пІэтрэжан, мыІэрысэхэкІ яшха нэужь псы трафыхьыжыркъым, дзэр гъуабжэ ещІри.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьитхьжащ.

● Тхьідэм щыщ

ЛІэщІыгъуэхэм я лъэужь

ЩІэныгьэлІхэм къызэрахутамкІэ, адыгэшым и ныбжьыр илъэс минищым ноблагъэ. Нартхэм я лъэхъэнэм дунейм кьытехьэри, апхуэдизу гъуэгуанэ кьызэпичащ абы, шы лъэпкъ цІэрыІуэхэм ящыщ зы хъун папщІэ.

АДЫГЭХЭМ ижь-ижьыж лъандэрэ шы зэрызэрахуэм щыхьэт тохъуэ археологхэм щІы щІагъым къыщІахьыж пасэрей хьэпшыпхэри пасэрейхэм кьызэранэкІа хъыбархэри. Тхыдэм кьыхэнащ мыпхуэдэ хъыбар: пасэрей дзэпщ цІэрыІуэ Александр Македонскэм и адэм, пащтыхь Филипп, Псыжьрэ Тэнрэ къыщищэхугъащ... шы мин тІощІ.

Пасэ дыдэу цІэрыІуэ хъури, адыгэшым и пщІэмрэ и уасэмрэ зэи ехузыжьакъым, абы щхьэхэт техьуэфынущ мы зы щапхъэри: шы ящэхун щхьэкІэ, сатуущІэкэр щызэхихьэ кърым бэзэрхэм адыгэшыр нэгъуэщІ шы лъэпкъхэм елЫтауэ хуэдэ 20-25-кІэ щынэхъ лъапІэт.

Пасэрей дзэпщхэм я деж кьыщыщІэдзауэ, шуудзэ зыгъэшэс дэтхэнэми адыгэшым пащІ щыІакъым, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури, адыгэшым и лІэужьыр жьжьэ нэсащ, абы илъ ящІэтщ нобэ дуней псом щыцІэрыІуэ шы лъэпкъ куэдым.

Пасэрейм мыпхуэдэ псалъэ кьыхэринэкІащ: цІыхум дамэ къритакъым Тхьэм, дамэ кьыщирмиытым, шыкІэ къыхуэупсащ. Дамэ пэлъытэт шыр цІыхум дежкІэ. Гъуэгуанэм я нэхъ кІыхьри игъэкІуэщІыфырт адыгэшым, еш ищІэртэкъым, зекІуэлІыр гъуэгум къыщытрини къэхуакъым. БгыпІэ ихьамэ, адыгэшыр мэз бжэным хуэдэт, бгы задэми, щыхупІэми, лъагъуэ зэвми, къуршыпс уэрми щыщтэрэкъым - шыщІэ ныбжьым щытым щыщІадзэрти, а псом хуагъасэрт.

Шы лъэпкъ цІэрыІуэ зыбжанэ къагъэхъуащ адыгэхэм. Нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщт щхьэхъур, трамыр, абыкъур, бекъанар, есэнейр, нэгъуэщІхэри - шыр зей лъэпкъым я цІэр фІащыжаз. Зейм я дамыгъи традзэрт шым, зы лъэпкъым и дамыгъэ нэгъуэщІ лъэпкъым къигъэсэбэпи хьунтэкъым.

ЩолэхъуэкІэ здэжь шы лъэпкъым мыпхуэдэ хъыбар кьыдогъуэгурыкІуэ. Шыр зейм, Щолэхъупщым, и дамыгъэр нэгъуэщІхэми къагъэсэбэп щыхъуэ, пщым ар къезыщІэр къумысын мурад ищІащ. Пхъэшыкъу лъагэ игъэуэри, пщым дамыгъэ нэпці зытелъ шыхэр зэхуригъэхусащ, езым ишхэри яхиутІыпщхьащ.

Пхъэшыкъум ихьри, пщым шыхэр игъэщтащ яхэуэурэ. Щигъащтэм, пхъэшыкъум елъэфар езым ишхэрщ, дамыгъэ нэпці зытелъ шыхэр пхъэшыкъум кьинащ. «Пхъэшыкъум кьинар щолэхъуькъым, щолэхъур пхъэшыкъум еплъащ», - жиІащ пщым. Абы иужькІэ Щолэхъупщым и дамыгъэ зыми кьигъэсэбэпыжакъым...

Гъуэгуанэ кІыхь зэригъэкІуэщІыфым, тафэри бгылъэри зэризэхуэдэм нэмыщІ, адыгэшыр Іущт, жащ мазэхэми гъуэщэнутэкъым, епсыхамэ, ямылъакъэми, зейм бгъэдэкІынутэкъым, апхуэдизкІэ есэрти. Адыгэшым итхьэкъуа тхакІуэ цІэрыІуэ гуэрым мыпхуэдэ псалъэ кьыхэринэкІащ: «ФіамыщІым хуэдэщи, къарапцІэщ, и лъэр псыгъуэщ, и нэ дахитІыр птригъэкІыркъым, и гуащІэр-щэ! Ибгъэлъамэ, кьыжьэдэпкъуэкъыж кьызэтеувыІэнукъым; кьосэнщи, хьэм хуэдэу уи ужь итынущ...» Абы щІыдгъужьнщ: адыгэшым нал щІалъхьэу щытакъым, и лъэбжьанэр апхуэдизкІэ быдэти.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Жыіэгъуэхэр

ФІы зыхуэпщІэм пщІэкІэ ущымыгугъ

♦Нэпсейр мылъкукІэ щІэбгъэнами, зыгуэр кьыхуэту кьыщІохьу.

♦Ныбэм куэд йохуэ, кьэрал псо щикІуади къохьу.

♦Псалъэм Іуэху кьыкІэлъымыкІуэмэ, абы и уасэр щайщ.

♦Пхуэмыфащэу кьыпльыса къулыкъум пщІэ къриблэжьынукъым.

♦ПщІэ зыхуамыщІ нэхъыжьым и унафэр гъэзэщІэгъуейщ.

♦Уи гугъуехь зыхэмылъыр гуэныгъуафІэщ.

♦Уимыіэм утегуэзвыхь нэхърэ, уиІэм щыгуфІыкІ.

♦Унафэ зыхуэмыщІыр унафэ щынкІэ ерыщщ.

♦ФІы зыхуэпщІэм пщІэкІэ ущымыгугъ.

♦Хуэмыщ1ам хуэпщ1эм псапэ пылъщ, бейм хуэпщ1эм Іулъхьэ хэлъщ.

♦Цыхур зэрыпсэур мащІэщ, а мащІэ тІэкІури зэныкъуэкъуу яхь.

♦Цыхур нэхъ лъагэу яІэтыху и цыхугъэм хэмыхъуэмэ, икІэщІыпІэкІэ къеутІыпщхьэхыжьын хуейщ.

♦Гуфіэгъуэ къыбдамыІыгъыр кІагъущ, гуэзвэгъуэ къыбдамыгъэвыр кІыхьщ.

♦Дунейм гуэзвэгъуэр щыбэми, зыми и щхьэм хуиухьркъым.

♦Жагъуэгъуэ я нэхъ Іейр уи ныбжьэгъуу щытарщ.

♦Зэрыхуэзфіэкіэ узыгъэхьэщІам, хьэлІамэ фІэкІа уимыгъэшхами, гукъанэ хуумыщІ.

♦Зи щхьэ зи лажьэм уи лажьэ иумыхьэлІэ.

♦Зызыщ1ипхъумэнур теплъэ зимыІэракъым – напэ зимыІэращ.

♦Къэхьэлъэкіыу узыгъэхьэщІэ бейм и мэл нэхърэ - къыпщІыгуфІыкІыу уезыгъэблагъэ къулейсызым и чыржын.

♦Мыхъумыщ1э уи пэшэгъуу, фІым ущымыгугъ.

♦Мыхъумыщ1эм и щытхъу нэхърэ - и хъущІэ.

♦Мыхьэнэ зимыІэм лІыфІ зыкІэрищІэмэ, абы ещхьу зыкъыфІощІыж.

♦Псы Іуб уезыгъафэу фІыщІэшхуэ уэзыгъэщІыну хэтым и Іуэхутхьэбзэ зыбгъэдумыгъэхьэ.

♦ПщІэ узэныкъуэкъу нэхърэ, зэ узэгурыІуэмэ нэхъ сэбэп пылъщ.

♦Узыдэмыхъунум уахьхьэмэ, хъуэн къыхэпхынщ.

Узыуб псор уи бийкъым.

♦Уи жагъуэгъум Іуэху дэблэжьмэ, лажьэ уха-хэунщ.

♦ФІыуэ укъэзыпльагъум кьыпхуищІэр фІэмащІэщ, хуэпщІэр фІэкуэдщ.

♦ЦІыхум, нэгъуэщІ хуумыщІэфми, псалъэ гуапэкІэ хуэупсэ.

♦ЦІыху Іейм кьуищІэр епщІэжмэ, езым ещхь ухъунущ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

● Унэгуащэхэм папщІэ

Бжьыныху хэбдзэмэ, нэхъ Іэфі мэхъу

♦Бжэныл ягъэгъуркъым, ягъэгъупщІу аращ.

♦КІэртІоф гъэжьа зэрылъ тебэм и щхьэр теПІауэ куэдрэ щыбгъэтмэ, йоуцІыныхь.

♦Джэдыр щІэмыкІэщІэн щхьэкІэ абгъуэм зы джэдыкІэ (абгъуэрынэ) кьранэ.

♦ПІащІэ хъуа шыпсым бажэ шыпскІэ йоджэ.

♦Джэшыр хуабапІэм щахъумэркъым, хьэпІащІэ хещІэри.

♦Къуэнтхъурей цІынэ куэд пшхыреймэ, жьэжьейр егъэкъабзэ.

♦Дэшхуэр яшхыну сэбэпышхуэщ лъы зи мащІэхэм, щыгъупщэххэм.

♦ГъэтІылъыгъэ ящІа кхъуейр яшхыну кхъыхаха нэужь псы щІыІэ дагъэжэх. Пхуэмышхыу кхэнар хэплъхьэж хъунукъым, кхъуейр щащэ ещІ, зэІегъэхьэ.

♦Шыгъу ипкІутыну, утеувэну гуэныхьышхыу пылъу къалъытэ.

♦Хуту хьэжыгъэр щагъэлъкъым, дыдж мэхъури.

♦Ху мэжаджэ нэхъ щащІыр сабийм лъэтеувэ щыхуащІым и дежщ.

♦Къэб яупщІэтар е зэгуаудар ямыгъавэу е ямыгъажьэу махуитІ нэхъри нэхъыбэ щагъэлъыркъым, зэІохьэри.

♦Хъарбыз, хъэуан, нащэ, пІэтрэжан, мыІэрысэхэкІ яшха нэужь псы трафыхьыжыркъым, дзэр гъуабжэ ещІри.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьитхьжащ.

● Шхыныгъуэхэр

Лыцікілулыбжьэ, шыбжий дэгу щІэлъу

Нэхъ кьызыхащыкІыр былымылщ. ТхыцІэл щабэр ятхьэщІ, ягъэжэпхъри тыкъыр цІыкІуурэ, г 10-15 хъуурэ, яупщІатэ. Ар тхьэ къеплъа зэрыт тебэ куум, градуси 160-170-рэ зи пщтырагъым, иралъхьэри псынщІэу зэІащІэурэ, тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. МафІэр цІыкІу ящІ, тыкъыр цІыкІуурэ упщІэта бжьыныщхьэ, бжьыныху, шыбжий Іэфі халъхьэ, зэІащІэурэ ягъажьэ тхъуэплъ хъуху. Абы и ужькІэ шыбжий сыр хьэжа, шыгъу халъхьэ, шатэ щІакІэ, зэІащІэри тебащхьэр трапІэж, мафІэ ешэхам тету ягъэбэкъ. Шатэр щІэмывэщІэпауэ щытын хуейщ. ЗэрызэщІэлъу пщтыру Іэнэм тепщэчкІэ трагъэувэ. Пластэ, щІакхъуэ, лэкъум даших.

Халъхьэхэр (зы цІыху ІыхьэІ):

Былымылу - г 300, тхъуэплъ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, бжьыныху укъэбзауэ - г 10, шыбжий дэгу - г 150-рэ, шатэу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КІэртІоф лэкъум

КІэртІоф укъэбзэ псы щІыІакІэ ятхьэщІри лыхьэжым щІагъэкІ, тепщэчышхуэм иралъхьэри шыгъу, джэдыкІэ щІынэ халъхьэ, пщагъэр псы хуабкІэ зэхащІэ, гуэдз хьжжыгъэ ухуэнщІа халъхьэри тхъэвым хуэдэу япщ. Ар зэрылъ тепщэчым хьэжьыгъэ траудэри, къэтэджын щхьэкІэ зы сыхьэт-сыхьэтрэ ныкъуэкІэ хуабапІэм ягъэув. Тхьэв тэджар чыржьыным хуэдэу пІащІэ хъурей цІыкІуурэ ящІ, тебэм ит тхъу къэпльам халъхьэ, зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Шатэ тракІэри яшх. Шэ щІыІи удефэ хъунущ. Мыр гъатхэм нэхъ ящІырейуэ щытащ.

Халъхьэхэр (цІыхуищ ІыхьэІ):

КІэртІоф укъэбзауэ - г 500, псы хуабэу - г 30, гуэдз хьжжыгъэу - г 200, пщагъэу - г 20, джэдыкІэу - г 20, тхъууэ - г 100, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Адыгэ псалъэзэблэдз

«ТекІуэныгъэ»

Екіуэкіыу: **4**. Старэ Шэрэдж щыщ зауэлІ, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **5**. Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щыэзэхьхьа офицер, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз тхакІуэ. **7**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Байсултанов Алим и къуажэ. **8**. Зауэр гуащІэу щекІуэкІащ Тэрч щІынальэм, ... лъагэлІэхэм. **10**. ТанккІэ бийм пэщІэтэ адыгэлІ, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **11**. Бийр ди республикэм къыщихьа гъэм къалъхуа, тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ щыІэ институтым и унафэщІу щыта. **14**. Тэрч районым къыщыхъуа, кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **16**. Мазэ бжьыгъэкІэ СССР-р зыубыдыну зи мурада Гитлер и ... къикІакъым. **17**. Зи адэр зауэм хэкІуэда адыгэ тхакІуэ, усакІуэ. **18**. Фашистхэр ди къэралым кьыщытеуа 1941 гъэм и зэман. **19**. Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ, зауэм лІыхъужьу хэта офицер. **21**. УсакІуэ Кулиевым жиІэгъащ: «Зауэм щаутІыпщ дэтхэнэ зы щэри ... и гум тохуэ». **23**. Кьэлэ-лІыхъужь.

Къехыу: **1**. Зауэм и кІэхэм фашистхэм кьагупсыса, и лъэщагъ псомкІи къагъэсэбэпыну зыхунэмыса ракетэ шынагъуэ. **2**. Лашынкъей щыщ ди лъэпкъэгъу, кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **3**. Танкым ит Іэщэ. **6**. Аушыджэр щыщу Хэку зауэшхуэм хэта зэкъуэшитІ, тІури Совет Союзым и ЛІыхъужьщ. **7**. Псыгуэнсу кьыщыхъуа, связисту фронтым щыІа, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **9**. Зауэм дэкІ адыгэ щІалэм теухуауэ ХьэІупэ ДжабрэІилрэ КІыщокъуэ Алимрэ ауса «Телъхьэ уанэр си шым» уэрэдыр зыгъэзащІэ. **12**. Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь генерал Плиевыр лъэпкъкІэ зыщыщыр. **13**. ЦІыху хей куэд зы щІэщІэкІуэда фашистхэм пу ... ирахащ. **15**. «Кхъужьей ... тхьэмпэ пыту, ди хэкум кьиши кьысхуэгъэс»- фронтым Іут ди армэм кьыщыдэкІ газетым и лэжьакІуэу щыта КІыщокъуэ Алим и усэ цІэрыІуэм щыщщ. **20**. ... Іубыгъуэ щІэбзэгъуэр уІэгъэ хьэлъэ хуэда куэд зэуапІэ губгъуэм кьинащ. **22**. 1945 гъэм совет зауэлІхэу Егоровымрэ Кантариерэ ар Германиеи я рейхстагым (парламентым) и унащхьэм трагъэуващ. **23**. Зауэ зэманым партизанхэм я хэщІапІэу щыта щІынІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Тхыдэ. **6**. Жьэмей. **9**. Санэ. **10**. Хьан. **12**. Хьэсэ. **15**. Дапхъэ. **16**. Дудар. **17**. Уэх. **18**. Къэжар. **20**. Сес. **23**. Шэмэджэдыгъ. **26**. Хьэку. **27**. Жэнэт. **29**. КІыщ. **30**. Зэчыр. **32**. Бысым. **33**. Пагэ. **35**. Без. **37**. ІупщІэ. **39**. Ерчэн. **40**. Уэчыл.

Къехыу: **1**. Шхын. **2**. Шэпхъ. **3**. Бжьын. **4**. Къебэ. **7**. Псыдыуэ. **8**. Мыдрисэ. **11**. Ауэ. **13**. Хьэлъкъ. **14**. Хьудыр. **19**. Жагъын. **21**. Умэ. **22**. Шыд. **24**. Тхьэзэплъ. **25**. ПщамПІэщ. **27**. Журт. **28**. Тебэ. **31**. Уае. **34**. Гори. **35**. Банэ. **36**. Заул. **38**. Пхыр.

● Таурыхъэр

Бажэмрэ дыгъужьыьмрэ

Зы бажэрэ зы дыгъужьрэ зэблагъэт. Ахэр зэгъусэу ежьэри зы хадэ хуэзащ. Хадэм и бжьыхьыр банэкІэ гъэбыдати, хъурейуэ къажьхьри, зы дыхьэпІэ къагъуэтащ. Бажэм хуэбыхъут дыхьэпІэр, дыгъужьым хуэзэвт. Бажэр гупсэху дыдэу, дыгъужьыр ерагъыурэ а дыхьэпІэмкІэ дыхьэмэ, хадэм имыт щІыІэкъым. Бажэм хадэм кьыззрикІыжынур хьисэп ищІащ. Дыгъужьым кьыІуриІэфІэурэ зэгуэдыным нэсыху пхъащхьэмыщхьэхэр ишхащ. Хадэ пльырым ар къыщищІэм, зы баш кьищтэри яужь кьиуащ. Бажэр зэрыпсыгъуэу дыхьэпІэ гуэрымкІэ дэлъэтыжри ежьэжащ. Дыгъужь шхэщар дыхьэпІэм дэмыхуэжу хадэм кьинащ. Хадэ пльырыр абы кьыпІэщІыхьэри, башымкІэ еуэурэ ныкъуэлІэ ищІауэ дэкІыжащ.

Дыгъужьыр, хьэр, бажэр

Зы бажэ ижьырабгъумкІи сэмэгурабгъумкІи зипльыхьу гъуэгум тетурэ, жьижьэ дыдэу зы фІыцІагъэ кьилъэгъуащ. Нэхъ гъунэгъуІуэ зыхуищІри еплъмэ - зы дыгъужь зэрамыщІэжрэ зы хьэ абрагъэурэ зэгъусэу кьокІуэ. Бажэм апхуэдэу щилъагъум, екІуалІэри сэлам ярихащ. Сэламым иужькІэ:

«Ныбжьырей фи биигъэр благъагъэкІэ зэрызэфхъуэкІыжар гуапэ щІохьу, ауэ мы фи благъагъэр кьызыхэкІар сщІащэрэт?», - яжриІащ.

«Армэ, кьэдапэ мыдэ, - жиІащ хьэм. - Мы си гъусэу нобэ плъагъу дыгъужьыр дыгъуасэ ди мэл хъушэм кьахьхьэри, зы щынэ ирихьэжьащ. Сэри ар кьыщезгъэнэжьну сыкІэлъыжащ. АрщхьэкІэ сыщІэмыхьэфу кьэзгъэзэжащ. Абдежым мэлыхьэуэр лажьэ симыІэу кьызэуащ. Сэри езым и биижь и бий дыдэм нэІуасэ зыхуэсщІащ».

ЩІалэ цІыкІу

Зы щІалэ цІыкІу псым хьхьащ. ЕсыкІэ ищІэртэкъыми, псым итхьэлэу хуеежащ. ЗыІгі блэкІырти, щІалэр елъэІуащ кьыдэзІэпыкъуну. ЛІым зигъаззри псым зэрыхьхьамкІэ щІалэм згъэийуэ хуеежащ.

«А Тхьэм игъэсэун, зэ лІэныгъэм сыІэщІэхьжи, итІанэ кьызэзшхыдэ», - жиІащ щІалэм.

БЫРСЕЙ Умар.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ1эныдэж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; зыгъэпсыгъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; здэщыкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытращащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІэмуэ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Индексыр П 5894 ● Тираж 1927 ● Заказ №1021

Мы къыдэкІыгуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соия**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3, 6-нэ нап.),* **Нэужькокъуэ Заирэ** *(2, 4, 5-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн ящІэ сыхьэт 20-м, щытралдзар сыхьэт 20.00-рщ.